Ленинаат бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ
21
САБАТ
№ 78 (17760)

Аргъ 3 кап.

РАЙСОМ В. И. ЛЕНИНЫ райгуырдыл æххæст кæны 120 азы

КАДДЖЫН ÆМБЫРД МÆСКУЫЙЫ

Рацарæзт нæм фæхæстæгдæр кодта Владимир Ильич Ленины — Октябры фæстæджы, Коммунистон парти æмæ Советон паддзахады бындурæвæрæджы. Мах нидзинæдты цыд бæрæг канæм арф ленинон хъуыдыйæ. Ленины æнæмæлгæ рæзхъытæ мах ахуыр кæнынц æнтыстытæн дæр, рæдыдтытæн дæр раст аргъ кæныныреволюци дарддæр цæмæй цæуа, уый тыххæй æмбæлгæ уроктæ кæныныл. «Ныртæккæйы рæстæг» ныл не 'ргом ногæй æмæ ногæй здахы цытджын хъуыдыгæнæг æмæ адæймаджы фæллæйттæ æмæ уынаффæтæм.

20 апрелы Мæскуыйы, ССР Цæдисы Стыр Театры, уыд В. И. Ленины райгуырды 120 азы кадæн кадджын æмбырд.

Кадджын æмбырды архайдтой М. С. Горбачев, В. И. Воротников, Л. Н. Зайков, В. А. Крючков, Е. К. Лигачев, Ю. Д. Маслюков, В. А. Медведев, Н. И. Рыжков, Э. А. Шеварднадзе, А. Н. Яковлев, А. П. Бирюкова, А. В. Власов, А. И. Лукьянов, Е. М. Примаков, Б. К. Пуго, Г. П. Разумовский, Д. Т. Язов, О. Д. Бакланов, Ю. А. Манаенков, Е. С. Строев, Г. И. Усманов, И. Т. Фролов, ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы уæнгтæ æмæ палатæты сæрдартæ, ССР Цæдисы Федерацийы Советы æмæ Президентон Советы уæнгтæ, ССР Цæдисы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы сæрдарты хæдивджытæ, ССР Цæдисы Сæйраг Советы комитетты æмæ Цæдисы Советы æмæ Нациты Советы къамисты разамонджытæ.

Ам æрæмбырд сты бæстæйы сæйраг горæты æмæ Подмосковьейы фæллойадон коллективты, партион. советон æмæ æхсæнадон организацийы минæвæрттæ, адæмон депутаттæ, наукæ æмæ культурæйы архайджытæ. советон Гæрзифтонг Тыхты хæстонтæ, ленинон партийы ветерантæ. Ам сты фæсарæйнаг дипломаттæ, фæсарæйнаг уазджытæ.

Кадджын æмбырд байгом кодта СЦКП-йы МГК-йы фыццаг секретарь, СЦКП-йы ЦК-йы Уæрæсейы бюройы уæнг Ю. А. Прокофьев.

Зæлы Советон Цæдисы Гимн.

Æмбырды уæвджытæ æмбынæг байхъуыстой доклад-мæ «Ленины тыххæй ныхас»-мæ, скодта йæ ССР Цæдисы Президент, СЦКП-йы ЦК-йы Генералон секретарь М. С. Горбачев.

Кадджын æмбырды архайджытæ разæнгардæй азарыдысты «Интернационал».

Уый фæстæ уыд бæрæгбоны стыр концерт.

(СЦТА).

Ныхас Ленины тыххæй

Æмбæлттæ! Гениты хицæндзинад уый мидæг ис æмæ адæмы хъæуынц цыфæнды рæстæджы дæр æмæ алы хатт дæр равдисынц цыдæр ног миниуджытæ.

Рацарæзт нын гом кæны æцæг Ленины. Фæлæ уæддæр йæ политикон æмæ теоретикон бынтæ, йæхæдзæт абон ногæй сты идейон æмæ политикон тохы бæстастæу. Æмæ тох та цæуы ну хъуыддагыл — рацарæзты социалистон нысанныгæсыл.

Ленин ахъаззаджы хай бахаста социалистон хъуыды райрæзын кæнынмæ æмæ йæ царды рауадзынмæ. Æнусон æнкъуыстыты, рæдыдтыты, фыдбæллæхты сæрты уыцы хъуыды йæхицæн гæрды фæндаг. Ленин куы нæ уыдаид. Октябрь куы нæ уыдаид, уæд абон афтæ ног хуызы сæвæрæн нæ уаид фарста—дзыллæты прогрессы миниуджыты æмæ адæймагæн цавæр аргъ хъуамæ уа, уый тыххæй фарста.

Ленины дуне у æгæрон. Æххæссы адæймаджы царды, æхсæнады царды æппæт къабæзтыл, æххæссы æппæт къластæ æмæ социалон фæлтæртыл — кусджыты, æзгъкусджыты, интеллигенцийы, сылгоймæгты, фæсивæды бынатыл, ахадындзинады æмæ хъысмæттыл. Уыцы дунейы ис алцыдæр. — адæймаджы æрвылбоны сагъæстæй райдай æмæ дуæон политикæйы тæккæ егъаудæр фарстатæй фæу. Удварнæй райдай æмæ паддзахады закъонад æмæ фæткæй фæу. Политикон тактикæйы принциптæй райдай æмæ тæккæ егъаудæр процесстыл философон æгъдауæй ахъуыды кæнынæй фæу.

Æмæ уыдонæй цыфæнды хъуыддаг куы райсæм, уæддæр ыл иу раныхасы æмбæлгæ хуызы фаг не 'рдзурынæм.

Мах ныртæккæ куыд бамбæрстам, афтæмæй Ленины домы, цæмæй йæ сахуыр кæнæм æнæхъæнæй, æххæстæй, йе сфæлдыстад куыд хъæздыг у, афтæмæй. Æнустæм нæ къух исæм, йе сфæлдыстадæй йын æрмæстдæр скъуыддзæгтæ куы нистам, ахæм цæстæнгасыл.

Уымæ гæсгæ Ленины тыххæй мæ ныхасы мæн фæнды æндæр фæндагыл ацæуын, — алцæй тыххæй дæр æгъдзынæн чысыл, йæхи ныхæстæ йын хатгай фæлхатт кæнгæйæ.

Ныртæккæ махæн тæккæ ахсджиагдæр хъуыддæгтæ сты ленинон хъуыдыйы методологи, цыфæнды фарстатæм дæр йæ цæстæнгасы диалектикæ æмæ, абон мах тынг ахсджиагыл кæй нымайæм, историон фæлтæрдзинады йæ нывуагъд уыцы цæхгæр фæзилæнтæ.

Ленин ныртæккæ дæр не 'хсæн ис куыд XX æнусы тæккæ стырдæр хъуыдыгæнæг, уыдис æм йæ рæстæджы тæккæ егъаудæр зонындзинæдтæ, арф ныххызт æхсæнадон царды сусæгдзинæдтæм.

Ленин не 'хсæн ис куыд политик, æцæгæлон ын сты хицаудзинадæй хи хорздзинадæн пайда кæныны тырнындзинæдтæ. Пæ бон у цыфæнды цæхгæр фæзинæй æмæ цыфæнды полæнты æмæ политикон тохы дæр сæйрагдæр хъуыддаг — адæмы интерестæ уынын.

Ленин немæ баззайдзæн куыд революционер, тæккæ зындæр рæстæг хъæддых æмæ фæстæмæ нæ раздæхгæ къахдзæф акæнынмæ цæттæ чи у, ахæмæй... Бæстæ революцимæ куы бахæццæ æмæ дзы тæрсгæ куы кæны, уыцы вазыгджын рæстæг. Егъау, домбай адæмон тыхтæ истори араызнæй фæхъæздыгдæр кæныны тыххæй куы сыстынц, уæд, фæлæ уыцы домбай тыхты бон у æппæт дæр фехалын.

Историйы Ленины ахадындзинады сусæгдзинад ис уый мидæг æмæ арæхст уыцы историйы размæгæнæг тыхтæн раст аргъ скæнынмæ æмæ, ныртæккæ æцæрцæугæ кæмæн нæй, уый æмæ фидæн æгъдауæй ныннымæ.

Куыд политикы æмæ теоретикы, афтæ Ленины диалектикон хъару уæлдай зынаргъдæр у ну къæпхæнæй иннæмæ хизыны рæстæг, æууæлтæ тагъд куы фæнынц, уыцы рæстæг. Æппæт ныхмæвæрд хъуыддæгтæ раст фенын æмæ дзы тæккæ сæйрагдæр равзарын, цæуæ куыд ацæудзысты уый рагагъоммæ раст бамбарын æмæ пайдайаг политикæ снысан кæнын — уый у, мах иудадзыг ахуыр æмæ ахуыр цæуын кæнæм, Ленины уыцы ахъаззадæны дæсныдзинад.

Владимир Ильичы райгуырæн бон ацы аз мах бæрæг кæнæм рацарæзты тынг карз, цæхгæр фæзилæн рæстæг. Ивддзинæдты процесс æхсæнады ракодта тынг карз къæпхæнмæ.

Рацарæзт ссис цард йæхæдæг. Уый бадомдта бирæ цæуылдæрты ногæй ахъуыды кæнын, бирæ цæмæдæрты ногæй æркæсын, уыцы ног рæстæджы фæлтæрдтæ æмæ æгъдауæй ахъуыдытæ раздæхынмæ, фæндыл кæй базонын, цытджын революцийæ чи рацыд æмæ ныртæккæ йæхицæн дæр æмæ æнæхъæн дунейæн дæр йæ ахадындзинадмæ гæсгæ ног ахæм революци кæй бахъуыд, уый цавæр æхсæнад у, уый.

(Дарддæр 2 фарсыл).

СГУЫХТДЗИНАД САБЫРДЗИНАДЫ СÆРАППОНД

19 апрелы Мæскуыйы Советон Æфсады М. В. Фрунзейы номыл Центрон хæдзары йæ куыст райдыдта 1941—1945 азты Фыдыбæстæйы стыр хæсты советон адæмы фæуæлахизы 45 азы кадæн Æппæтцæдисон наукон конференци. Сарæзтой йæ СССР Цæдисы Хъахъхъæнынады министрад, Советон Æфсады æмæ Хæстон-Денджызон Флоты Сæйраг политикон управлени, СССР Цæдисы Наукæты академи, СЦКП-йы ЦК-йы Марксизмленинизмы институт, СССР Цæдисы Хъахъхъæнынады министрады Хæстон историйы институт.

Конференци разныхасæй байгом кодта СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы уæнгтæм кандидат, СССР Цæдисы хъахъхъæнынады министр, æфсады инæлар Д. Т. Язов.

Доклад «Советон адæм — Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæуæлахизуæвæг адæм» скодта СССР Цæдисы хъахъхъæнынады министры хæдивæг, æфсады инæлар Д. С. Сухоруков. Уый бацамыдта, советон адæм хæсты рæстæгдæ нысантæ фадæттæ кæй арæзтой йæ рамбулынæн. Фæлæ уыцы гæнæнтæ æцæгдзинадмæ раивынæн бахъуыд паддзахады æппæт материалон, хæстон æмæ удыхъæды тыхты стыр хъæддыхдзинад, адæмы егъау хъару æмæ ныфс.

Советон Цæдисы хæсты бацæуын бахъуыд тынг зын уавæрты. Хæст йæхæдæг уыдис, уæдмæ чи никуыма уыд, ахæм валыгдзын, рагацау зын базонæн уыд, политикон æмæ хæстон цауæ кæцырдæм цæудзысты, уый, анхъæвзта егъау бындурыл, ивгæ цыдысты тохы хуызтæ, архайды стратеги æмæ тактикæ.

Докладгæнæг æрлæууыд ахæм карз уавæрыл, куыд нæ уæлахизы аргъ. Бирæ рæстæджы дæргъы нæ зианты æцæг нымæцтæ цыдысты æмбæхст кæнæ сæ раст не 'вдыстой. Ныртæккæ бæстон раиртæсты фæстæ сбæрæг сты растдæр фæстиджытæ. Хæсты Советон Цæдисы иумæйаг зиантæ уыдысты 27—28 милуан адæймаджы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты Советон Гæрзифтонг Тыхты хæстон зиантæ (Дард Снæсæны кампани дæр нымайгæйæ) мæрдтæй, цæфтæ æмæ низтæй амæлдзыты, стæй уацарæй нæ раздæхдзыты нымæц уыдис 8 милуаны æмæ 666 мин адæймаджы. Цæфтæй æмæ низтæй фæхъуыд 18 милуан адæймаджы бæрц. Уыцы рæстæджы дæргъы фашистон Германæй фæхъуыд 5,5 милуан адæймаджы, йæ цæдисонтæй — 1,2 милуан адæймаджы. Нæ зианты фылдæр хай хауы хæсты райдайæнмæ. Уыйфæстæйы тохы знагыл кæддæр зиантæ нæ цыд, хæсты кæронмæ 'ввахс та йæ зиантæ уыдысты махæй фылдæр.

Мах уæлахиз уыдис канд хæстон нæ, фæлæ экономикон дæр. Суанг ма ССР Цæдисы хæлд социалистон экономикæ дæр хъуыддагæй разынд капиталистон экономикæйæ хъомыс дæ ыдæр.

Адæмон хæдзарадæн пъланы бындурыл уынаффæйад радта, сæххæстгæнæн нæй, зæгъгæ, чи каст, ахæм хæстæ алыг кæныны фадат. Скæсæнмæ æрвыст æрцыд 25 милуан адæймаджы, 1360 егъау промышленнон куыстуаты. Хæсты азты дæргъы нæ промышленность раубадта 102,8 мин танчы, 825,2 мин сармадзаны æмæ минометы, 134,1 мин хæдтæхæджы, 10 милуан тоннæйæ фылдæр хæцæн æрмæг, 16 милуан тоннæйы артаг. Социалистон хъæууон хæдзарад бæстæйæн læвæрдта хойраг æмæ хомаг.

Знагыл фæуæлахизы ахсджиагдæр фæрæз уыдис советон адæмты хæлардзинад.

Хæсты æппæт азты дæргъы политикон разамынды сæйраг бынат ахста Советон Цæдисы Коммунистон партi. Хæсты райдайæнмæ йæ рæнхъыты уыдис 3,8 милуан уæнджы æмæ уæнгтæм кандидаты. Хæсты азты партимæ бацыд 6 милуан адæймагæй фылдæр. Фашизмыл фæуæлахиз бæлвырд равдыста, Коммунистон партийы хъару кæй ис фæллойгæнæг дзыллæтимæ йе 'нæхæлтæ бастдзинады, загъта кæронбæттæны докладгæнæг.

Уый фæстæ конференцийы кусын райдыдтой тематикон секцитæ: «ССР Цæдисы Гæрзифтонг Тыхтæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты», «Партi тохгæнæг адæмы сæргъы», «Советон фæсчъылдым Фыдыбæстæйы Стыр хæсты».

20 апрелы Æппæтцæдисон наукон конференци йæ куыст кодта дарддæр.

(СЦТА).

АДÆМЫ ХОРЗДЗИНАДМÆ АРÆЗТ ЭКОНОМИКÆ

18 апрелы Кремлы ССР Цæдисы Федерацийы Советы æмæ Президентон Советы нумæйаг æмбырды дарддæр ныхас цыдис бæстæйы экономикæ нывылгæнгæ базары хæдзарадмæ раивыны гæнæнтæ æмæ фæндæгтыл. Сæрдарiуæг кодта ССР Цæдисы Президент М. С. Горбачев.

Æмбырды раныхас кодтой Н. И. Дементей, К. М. Махкамов. В. В. Бакатин, Е. М. Примаков, И. А. Каримов, Э. А. Шеварднадзе, В. С. Шевченко. Н. И. Рыжков, А. М. Масалиев, В. И. Воротников, В. А. Крючков, Г. Г. Гумбаридзе. Ч. Т. Айтматов, С. С. Шаталин, А. Н. Яковлев, В. Г. Распутин. А. И. Лукьяиов, С. А. Ситарян, Г. И. Ревенко. Г. А. Арбатов, Ю. Д. Маслюков, И. Д. Лаптев.

Ныхасæн кæронбæттæн кæнгæйæ. М. С. Горбачев загъта:

Цы ныхас рауад, уый у æхсызгон. Мæнмæ гæсгæ, уый радта бæстæйы уавæрæн æмæ экономикæ фендæрхуызон кæныны фæндæгтæн раст аргъ скæныны, дарддæры куысты фидæн бæлвырддæр феныны фадат.

Æз æххæстæй дæр разы дæн ныхас кæнгæйæ, афтæ чи дзырдта, мах нæ рæзты бындурон фарстайыл дзурæм, зæгъгæ, уыдонимæ. Ныхас цæуы Октябрæй фæстæмæ тæккæ цæхгæрдæр фæзылдыл. Æмæ мах уый кæнæм æхсæнады социалон-экономикон рæзты. советон адæмы царды уавæртæ хуыздæр кæныны сæраппонд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы цæхгæр фæзылд æнцон нæу, уый фæзындзæн адæмы алы фæлтæрты уавæрыл. Уымæ гæсгæ нывылгæнгæ базармæ рахизыны уагæвæрдыл бакусын хъæуы бæстон, хъуамæ дзы сæвзæра бæлвырд программæ. Уыл хъæуы зæрдиагæй хъуыды кæныны адæм кæй бамбарыкой, ахæм фидар социалон зæрдæдарæнтæ саразын.

Фæлæ цæй æмæ бафæрсæм нæхи: махæн нæ бон у абоны экономикон уавæр нæ аивын? Æвæццæгæн, не 'ппæт дæр разы стæм уыммæ, æмæ лæууæн нæй иу бынаты, бындурон экономикон рацарæзты фæндагыл размæ нæ цæугæйæ.

Нывылгæнгæ базары хæдзарадмæ рахизыны нæ цæстæнгас æххæстæй дæр у нæ равзæрстмæ гæсгæ, адæймагуарзон, демократон социализммæ размæцыдмæ гæсгæ. Ахсджиаг у уый æмбарын, æмæ уыцы цæстæнгас æвæргæйæ, мах нæ иваем нæ рæзты фæндаг. Фæлæ мах рæзын æмæ арфдæр кæнæм социализмы æмбарынад, цæхгæр иваем нæ бирæ цæстæнгæстæ социалистон æхсæнадмæ.

Мах хъуамæ ма кæнæм сындæг æмæ цудгæ, Фæлæ афтæ æнæгуырысхо у æндæр хъуыддаг дæр. Нывылгæнгæ базарады экономикæмæ фæндагыл мах ахизын хъæуы цалдæр къæпхæныл, уыл цы санчъехтæ кæнæм, уыдоны фæстиуджытыл хорз ахъуыды кæнгæйæ. адæмы, уæлдайдæр та йæ хъуагдæрæйфæг фæлтæрты социалон æххуысады зæрдæдарæнтæ механизм саразгæйæ.

Экономикон рацарæзт фæтагъддæр кæнын нысан кæнгæйæ, мах хъуамæ хынцæм не 'хсæнады æцæг уавæр. Рацарæзтыты программæ сæнтысдзæн æрмæстдæр уæд, йæ фарс милуангай советон адæймæгтæ куы рахæцой, сæ пайдаты аккаг куы уа.

Уымæ гæсгæ æнæмæнг хынцын хъæуы удыхъæды уавæр дæр. Бирæ дæсгай азты дæргъы советон адæмы саxуыр кодтой уыл. æмæ æппæт фарстатæ дæр лыгæнгæ сты хицаудзен, фыцаджыдæр йæ уæлдæр къæпхæнæн. Бæстæйы разамындыл æвæрд цæуы бæрнондзинад æппæтыл дæр — цæрæнуæттæ кæй нæ фаг кæны, уымæй, хъæууон дуканийы зæгъæлтæ кæй нæй, уый онг.

Æнæмæнг ма хынцын хъæуы нæ паддзахады федеративон арæзт, экономикæйы æмæ социалон къабазы регионты 'хсæн стыр хъауджыдзинæдтæ. Адæмы цардыуар æмæ бæллицтæ æдзух æмхуызон нæ вæййынц.

Фæлæ уæддæр, æвæццæгæн, раст нæ уаид, нысангонд рацарæзтытæ цы хъыгдары, æргом æрмæстдæр уыдæттæм здахын. Мах бæстæмæ ис егъау экономикон хъару, хъæзыг æрдзон фæрæзтæ, ахуыргонд адæм. сырæзгæ наукæ. Æппæт уыдæттæ бындур æвæрынц æнтыстдзинадæн.

Экономикон рацарæзт фæарфдæр кæныны программæ аразгæйæ, мах хъуамæ зæрдиагæй ахъуыды кæнæм йæ сæххæст кæныны фадæттыл, куыд æппæт программæйæн. афтæ йæхицæн хæйттæн дæр уынаффæйады уар бæстон саразыныл. Уый тыххæй мах хъæуы æмбæлгæ хатдзæттæ скæнын, ССР Цæдисы адæмон депутаты дыккагæм Съезд цы мадзæлттæ снысан кодта, хицауадмæ уыдон æххæст кæныны цы къуыхцытæ рауад. уыдонæй, фылдæр уынаффæ кæнæм ахуыргæндтæ-экономисттимæ, хæдзарадон кусджытимæ, республикæты. хицаудзинады бынæттон органты минæвæрттимæ. Цыбыр дзырдæй, хъæуы стыр цæттæгæнæн куыст.

Размæ цæуын хъæуы æппæт фронты дæр: хъæддыхдæрæй царды зæхх реформæ уадзын, кадртæ цæттæ кæныны фарста лыг кæнын, æхсæнады зæрдæйыуаджы ивддзинадтæ хынцын. Мах хъуамæ сæххæст кæнæм, экономикæ банывыл кæныны хъуыддаджы инæзæн цы дæриддæр снысан кодтам, уыдæттæ, фæкъаддæр кæнæм, паддзахадон бюджеты цы нæ фаг кæны, уый. Уыдæтты æмрæнхъ æнæмæнг батыхсын хъæуы барадон бындурыл; нысангонд мадзæлттæ сæххæст кæнынæн юридикон хорз æууæлтæ чи раттид, ахæм закъонтæ æмæ æндæр документтæ саразын.

Æмæ, æппынфæстаг, махæн нæ бон нæ размæ æрлæууæг фарстатæ сæххæст кæнын нæу, рацарæзты æнтыстдзинад кæй фæнды, æппæт уыцы тыхтæ нæ бану кæнгæйæ. Фæллойадон коллективтимæ не 'хсæнады алы фæлтæрты, профцæдисты æмæ иннæ æхсæнадон организацити минæвæрттимæ, наукæйы архайджытимæ парахатæй уынаффæйады бындурыл махмæ хъуамæ сæвзæра, уыцы ахсджиагдæр программæ кæронмæ саразынæн чи феххуыс уыдзæн, ахæм ног хъуыдытæ.

(СЦТА).

АБОН— ÆППÆТЦÆДИСОН ЗИУ

НЫХАС ЛЕНИНЫ ТЫХХÆЙ

(Райдайæн 1 фарсыл).

Ныртæккæ махæн тынг ахсджиаг у нæ цæстæнгас сбæлвырд кæнын, уымæн æмæ XX æнусы историйы рацарæзт нымад æрцыд, йæ егъаудинадæй стыр социалон революцийы æмрæнхъ чи лæууы, ахæм цауыл.

Фæлæ рацарæзты историон бынатæн, йæ социалон мидисæн ын аргъ кæнгæйæ фæзынд Ленинмæ æргом деструктивон цæстæнгас дæр. Йæ тæссагдзинад ис йæ примитивондзинады, «цыбыр курсы», методикæйæ пайда кæныны, Ленины Сталинимæ сæмхуызон кæныны, нæ историйыл цæхгæрмæ хаxx акæныны, Октябры революци æмæ йæ фæстæ цыдæриддæр уыд, уыдон рæдыд хъуыддæгтæ, суанг сæ адæмы æмæ дзыллæты размæ фыдракæндтæ схоныны.

Ленинмæ уыцырдыгæй ныббырст тыхджындæр кæны консервативон уылæн СЦКП-йы æмæ æхсæнады. Афтæмæй та рацарæзты сусæг æмæ æргом ныхмæлæууытæн ис сæхи «ленинизм» ирвæзынгæнджытæй равдисыны фадат.

Æнæмæнг, мах хъæуы Лениныл, йæ теоретикон æмæ политикон сфæлдыстадыл ногæй ахъуыды кæнын, уымæ йæ зыгъуыммæдзинædтæй схицæн кæнгæйæ. Æхсæнады интеллектуалон, культурон, удварны хæзнадоны цы хъуамæ баззайа, уый схицæн кæнын хъæуы. ивгъуыд рæстæгмæ чи хауы, уымæй.

Фæлæ Ленинæн аргъ нæ кæнынæй бынат хъуамæ ма уа. Æгады хъуыддаг у уыл цъыфкалæн кæнын. Æдылы сты йæ сыгъдæг нысантæ æмæ хъуыдытæ йын гуырсхойы бын фæкæныны фæлтæрæнтæ.

О, кæрон скæнын хъæуы, кувгæ кæмæ фæнæныну, Ленины номæй æмæ фæлгонцæй ахæм нывы сарæзыны æдылы цæстæнгасæн, æмæ мах ныртæккæ хорз зонæм, афтæ цæмæн кодтой, уый дæр. Фæлæ мах хъæдыхæй хъоды кæнæм Ленины номыл цъыф калыныл дæр, цыфæнды хуызы куы уа æмæ кæмфæнды куы цæуа, уæддæр.

Ленинмæ цы хуымæтæг цæстæнгасæй кастыстæм, уымæн кæрон цас тагъддæр скæнæм, уый бæрц хуыздæр ын базондзыстæм йæ егъаудинад, бамбарзыстæм куыд нырыккон у æмæ нæ куыд тыиг æхсызгон хъæуы, уый. Уæвгæ уый хуымæтæг хъуыддаг нæу, уымæн æмæ фæстæдмы ахæм фæлгонц арæзт цыд дæсгай аз ты дæргъы æмæ дзы пайда гонд цыд бæлвырд политикæйы æмæ идеологийы тыххæй. Фæлæ уый æфсо

барæм æмæ тырнæм, рацарæзт æнæхъæн æхсæнад куы райхъал кодта, уæд æй царды рауадзынмæ. Уымæн æмæ гуырынц йæ рæзты ног æууæлтæ, цард нын нæ размæ æвæры. сæ алыг кæнынæн арæх бынтон ног мадзæлттæ агурын кæмæн бахъæуы, ахæм вазыгджын фарстатæ.

Фæлæ уæддæр фехъусæм алыхуызон уайдзæфтæ; парти. дам, бахызт рацарæзтмæ, ахъуыдыгонд пълан æм нæ уыд, афтæмæй, рагагъоммæ алцы нæ бахыгъта. афтæмæй. Иутæ дзурынц: мæнæ уый кæныи хъуыд раздæр, иннæтæ — уый æмæ уый бынтондæр нæ хъуыд кæныи, кæнæ йæ скæныи хъæуы афтæ нæ, фæлæ—уфтæ. Ис, зæронд мадзæлттыл æрхуым чи кæны, ахæмтæ дæр — цард тыхтъыст кæнынц схемæты, æцæгдзинæдтæ нæ хынцгæйæ сæ хæссынц адæммæ.

Афтæмæй та нæм уыдæттæ ныридæргæн уыдысты æмæ зонæм. цæмæты нæ æркодтой, уый. Æрхъуыды-иу кодтой схемæтæ, хастой сæ æхсæнадмæ æмæ-иу уыцы схемæйы цы нæ бацыд, уый тыиу банымадтой æцæгælоныл æмæ æнæхъæугæйыл æмæ-иу æй ацъык кодтой. Æхсæнады æнæхъæн организм уыд рæхысбаст. нæ йын уыд уæлдæф улæфынæн, уыд æндзыг. Зыгъуыммæгонд цыдысты хъуыдытæ дæр, æхсæнадон психологи дæр. дзыллæты зонд дæр.

Социализм у дзыллæты цардæгас сфæлдыстад. Ахъуыды ма кæнæм уыцы зындгонд ныхасыл. Дзыллæты сфæлдыстад афтæ бирæвæрсыг æмæ зын базонæн у. æмæ йын нæй рагагъоммæ цæвæрдæр арæнты æрæвæрæн. «...дæсгай милуан сфæлдисджыты зонд, — дзырдта Ленин, — саразы, тæккæ ахъаззагдæр æмæ гениондæр дардмæуыныидзинад цы саразы, уымæй бирæ ахъаззагдæр хъуыддаг» (т. 35. ф. 281).

Рацарæзт алкæмæн дæр дæтты хæдбындур уæвыны æмæ историйы архайыны фадат. Уым ис йæ сæрибардæнæг ахадындзинад, уым ис æнæхъæн бæстæйы ахъаззаг гæнæн дæр — æппынфæстаг йæ домбай хъарутæй спайда кæныны гæнæн.

Цыдæриддæр æмæ проектæ хъæуынц. Æмæ дзурын ницæмæн хъæуы, Ленин уыдонæн куыд стыр аргъ кодта, уый тыххæй. Фæлæ сæ цардхъомыл æмæ пайдайгыл нымадта, æцæг процесстæ теоретикон æгъдауæй ахъуыды кæныны æмæ дзыллæты архайды фæстиуæг куы уыдысты, æрмæстдæр уæд.

Уый партимæ сидтис, цæмæй йæ фæндтæ æмæ программæтæ араза адæмы сагъæстæ æмæ зондахастмæ кæнгæйæ, Ленин фæдзæхста: «...æцæгæй дæр бабын уаид революци (æмæ йын хъæутæ дæр афтæ кæнид), ахæм адæймæгтæм æцæгæй дæр куы хъусид, уæд» (т. 36, ф. 301).

Æз барæй хæссын скъуыддзæгтæ Ленинæй, цæмæй хуыздæр бамбарæм. Ленин ахæм ахсджиаг фарстаты тыххæй куыд дзырдта, уый.

Цæхгæр фæзилæнты Ленин быцæу кодта йе 'мбæлттимæ дæр, хъæддыхæй-иу радзырдта, нымæцæй фылдæр чи уыд, уыдоны ныхмæ дæр. Уымæн дæнцæг — Бресты сабырдзинады бадзырд. Уымæй къаддæр карз уавæр нæ сæвзæрд нелмæ цæугæйæ дæр. Уыцы азты цауты чи архайдта, ахæм адæймаг, партийы уæлдæр разамонджыты æмбырдтæй ныы тыххæй дзургæйæ, хъусын кæны: райдайæны иуылдæр Ленинимæ разы уыдысты, чи зоны Красин æмæ Цюрупайæ фæстæмæ. Иннæтæ кæнæ ницы дзурынц, кæнæ ныббыцæу сты. Æмæ уæд Ленин загъта афтæ (йæхи ныхæстæ): «Уæ цæстытæм уын комкоммæ куы фæкæсын, уæд цыма уе ппæт дæр мемæ разы стут æмæ фæзæгъут о, фæлæ мæхи иуварс куы азилын, уæд та мын дзурут нæ. Сымах мемæ æмбæхсæнты хъазут. Кæд афтæ у, уæд мæнæн дæр раттут сымахимæ, парламентты кæй фæхъазынц, ахæм хъазтæй ахъазыны бар. Парламентты хицауады сæргълæууæгыл куы нал феууæндынц, уæд уый ацæуы отставкæйы. Сымах мæныл нæ бауууæндыдыстут Бресты сабырдзинады бадзырд фидар кæныны рæстæг, уæвгæ ныр æдылытæ дæр бамбæрстой, мæ политикæ раст кæй уыд, уый. Ныр та мыл ногæй нал æууæндут ног экономикон политикæйы фарстайы. Æз уымæй кæныи, парламентты кæй фæкæныиц, ахæм хатдзæг æмæ дыууæ уæлдæр инстанцимæ — ÆЦÆК-мæ æмæ Пленуммæ — дæттын курдиат мæ отставкæйы тыххæй»...

Æппынфæстаг Ленины хъуыдытæ æмæ царды рæстдзинад фæуæлахиз сты: нæп ссис партийы политикæ.

Ленин кæд теори бирæ уарзта, уæддæр-иу, цард цæстæнгæстæ аивын куы бадомдта, уæд ницæмæ дардта цыфæнды уагæвæрдтæ дæр æмæ цыфæнды догмæтæ дæр, фæлæ разамынд ныста, йæхи загъдау марксизмы «цардæгас уд» цы у, уымæй — бæлвырд уавæры бæлвырд анализæй» (т. 41, ф. 136).

Ленин æппæт мадзæлттæй архайдта мидбæстон хæст не 'руадзыныл. Кориловы сыстады æмæ

фæлтæрæнтæ.

О, кæрон скæнын хъæуы, кувгæ кæмæ фæкæныщ. Ленины номæй æмæ фæлгонцæй ахæм ныв саразыны æдылы цæстæнгасæн, æмæ мах ныртæккæ хорз зонæм, афтæ цæмæн кодтой, уый дæр. Фæлæ мах хъæдыхæй хъоды кæнæм Ленины номыл цъиф калыныл дæр, цыфæнды хуызы куы уа æмæ кæмфæнды куы цæуа, уæддæр.

Ленинмæ цы хуымæтæг пехотинцæй кастыстæм, уымæн кæрон цас тагъддæр скæнæм, уый бæрц хуыздæр ын базондзыстæм йæ егъаудзинад, бамбардзыстæм куыд нырыккон у æмæ нæ куыд тынг æхсызгон хъæуы, уый. Уæвгæ уый хуымæтæг хъуддаг нæу, уымæн æмæ фæтæджы ахæм фæлгонц арæзт цыд дæсгай аз ты дæргъы æмæ дзы пайдагонд цыд бæлвырд политикæйы æмæ идеологийы тыххæй. Фæлæ уый æфсонæй æцæг Лениныл къух сисын амонид æхсæнады æмæ паддзахады уидæгтæ алыг кæнын, ныртæккæ цардмæ чи хизы, уыцы фæлтæрты сæры зонд æмæ зæрдæтæ сафтид кæнын.

Ленины хъахъхъæнын хуыцаумæ кувын нæу. Ленины хъахъхъæнгæйæ, мах аргъ кæнæм, советон адæмы фæлтæртæ цы сарæзтой, уымæн, хъахъхъæнæм нæ абоны сгæрстытæ, нæ социалистон фидæн.

Ленины абухгæ, ныхмæвæрд, хъæбатыр æмæ вазыгджын рæстæг аивгъуыдта. Ссис нæ ивгъуыд, нæ истори. Таурæгътæй æмæ мæнгдзинадæй уæгъдгонд уыцы истори зонын хъæуы. Уый у зонды хос æмæ тынг хъæуы нæ адæмы политикон æмæ удварны культурæ аразыны хъуыддагыл æвдисæн æрцыдис. Куы бахъуыд, уæд та загъта йæ номдзыд ныхæстæ, великоросты национ сæрыстырдзинады æцæг мидис цæй мидæг уыдис, уый тыххæй (т. 26, ф. 106 — 110).

Иæ равзæрдмæ гæсгæ дворянин æмæ хъомыладмæ æмæ ахуыргонддзинадмæ гæсгæ интеллигент уæвгæйæ, Ленин дисы æфтыдта йæ адæмондзинадæй. Уымæн фæллойгæнджытæ нæ уыдысты, алцыдæр саразæн кæмæй ис, ахæм æлыджы къæртты хуызæн. Стæй уæлæрдыгæй хорздзинæдтæ кæмæн уарай, ахæмыл дæр сæ нæ нымадта. Ленинмæ гæсгæ революци æмæ социализм сты адæмæн сæхи цардæгас сфæлдыстад.

Уый у ленинон бындурон хъуыды. Иæ ахадындзинад ын абон ноджы хуыздæр æмуавæрæн аргъ кæнгæйæ» (т. 7,ф. 237). Уым ис, историон рæзты цæхгæр фæзилæнты Ленин цы егъау хатдзæгтæ кодта, уыдоны бамбарыны дæгъæл.

Уыцы хатдзæгтæй ну дæр æнцон нæ уыд. Тох кæнын хъуыд æрмæст йæхиимæ нæ, æрмæст политикон ныхмæлæуджытимæ нæ, фæлæ йæ хатгай тынг æлхъывтой партийы йæхи æмбæлттæ дæр. Уыдон уайдзæф кодтой Ленинæн, «принциптæ кæй феронц кодта», суанг «марксизмыл йæ къух кæй систа», уый тыххæй дæр. Уыдонæн дзуапп дæтгæйæ, Ленин фыста: кæд историйы цыд, мах куыд æнхъæл уыдыстæм, уымæй æндæр хуызы, цымыдисагдæр алыхуызондæр рауад, уæд хъуамæ нæхи ма скæнæм «зæронд большевикты» хуызæн, уыдонæн уыд æнкъард бынæ нæ партийы историйы, уыдон иудадзыг фæлхатт кодтой раджы **сахуыргонд** формулæ, ног, цардæгас æцæгдзинад куыд у, уый **ахуыр кæныны** бæсты» (т. 31, ф. 133). Ахæмты, фыста Ленин, «дæттын хъæуы революцийы агъоммæйы «большевикон» стæм дзаумæтты архивмæ (афтæ зæгъæн ис: «зæронд большевикты» архивмæ)» (уым, ф. 134).

Революцийы хиуарзон нацисты æнæвгъау дæрæнтæ.

Ленин Марксæй райста læмбынæгдзинад æмæ бæрнондзинад фидæны тыххæй алыхуызон хъуыдыты фæдыл, бæлвырд хуызты йæ ныв кæныны фæлтæрæнты фæдыл. Уæвгæ кусæг змæлды иудадзыг læууыд ахæм домæн: æриут бæлвырд идеал, æриут ныв, кæуыл тох кæнæм, ахæм æхсæнады фæлгонц. Социализмы тыххæй **абстракцион-теоретикон**, дзыллæтæ кæмæ æнхъæлмæ кастысты, ахæм фæлгонц банкъарæн ис Ленины ахъазаджы куыст «Паддзахад æмæ революци»-йы, уый фыст æрцыд Октябры хæдразмæ. Ленинмæ революцийы бæлвырд практикон фæлтæрддзинад куы фæзынд æмæ йын йæ уроктæ бахынцын йæ бон куы ссис, уæд ног хуызы хъуыды кæныл райдыдта социализмы тыххæй.

Уымæ гæсгæ, нæпмæ хизгæйæ, Ленин йæ зæрдыл дардта æмæ цалдæр хатты скодта уыцы чиныджы æмæ, 1918 азы мартъийы — майы кæй ныффыста, уыцы статьяты кой. Куыд амыдта, афтæмæй уæд дæр, галиуон коммунисттимæ тох кæнгæйæ, хъæддыхæй лæууыд экономикон арæзтады «реформистон» æмæ чысылгай царды уадзгæ мадзæлттæ æмæ социализммæ рахизыны хуызтæ агурыны фарс (т. 43, ф. 205—217; т. 44, ф. 197, 225; т. 44, ф. 156, 221, 225). Уыцы дæнцæг ма ну хатт æвдисы Ленины реализм, бæрæг ын кæны йæ миниуæг, куыд политикæн æмæ теоретикæн.

Граждайнаг хæст ын бахъыгдæрдта, ног æхсæнадмæ цæуынæн хуыздæр кæцы фæндæттæ сты, уыдон ссарыны тыххæй йæ куыст, цауты æцæг цыд та йыл фæсыкк кодта коммунизммæ уыцы иу гæпп бакæныны ныфсытæ.

Социализмы тыххæй Ленины хъуыдыты сæйрагдæр хъæздыгдзинад, социалистон идея рацаразыны хъуыддагмæ йæ тæккæ сæйрагдæр бавæрæн сты политикæйы тыххæй йæ куыстыты æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ «фæдзæхст». Раст ам райдыдта Ленины куысты ног къæпхæн социализмы теорийыл (т. 30, ф. 122).

Бахъæудзæн, æвæццæгæн; бирæ интеллектуалон тыхтæ схардз кæнын, бамбырдгонд фæлтæрддзинад, æхсæнады æцæг уавæр æмæ адæмы зондахаст æвзаргæйæ, йæ хъуыды кæдæм арæзта, уый бамбарыны тыххæй. Мах ма бахъæудзæн, историон æгъдауæй тынг раст уагыл архайгæйæ. йæ хъуыдыты æмæ хатдзæгты логикæ сног кæнын.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Ленин фæстæдæр рæдыдыл банымадта «коммунистон куыстадмæ æмæ уарынмæ комкоммæ рахизынмæ» тырнындзинад (т. 44. ф. 151, 157). Фæлæ фæзыны фарст: уый цымæ, загъд уыд 1918 — 1920 азты царды цы политикæ уагъд цыд, уый тыххæй? Ленин бирæ хæттыты куыд загъта, афтæмæй уыцы ног æхсæнад æмæ æнæмæнг сахуыр кæныны хъуыды. Ардыгæй цæуы хъуыддаг политикон тохæй пъланы бындурыл арæзт «культурон» куыстмæ раивын. Уыцы куыст хъуамæ æххæсса къласты æхсæн ахастдзинæдтыл дæр, экономикæйыл дæр, æхсæнадон культурæйыл дæр. Ардыгæй цæуы хъæддых домæн, цæмæй пайда кæнæм экономикон рæзты ахæм мæцъистæй, куыд базар, базарад, финанстæ, капитал, уымæ концесситы фæрцы фæсарæйнаг капитал. Ардыгæй цæуынц, Октябры революци йæ зæрдæмæ хæстæг чи нæ айста, дунеон кусæг змæлды уыдонимæ бафидауыны фæлтæрæнтæ. Ардыгæй цæуы æмдзардмæ, ныгуылæны буржуазон лагеры «дунейы партимæ», «æмдзардмæ» тырнындзинад дæр.

Æмткæй райсгæйæ, ныхас цыд революцийыл революцийы мидæг, чи зоны, уыцы революци Октябры революцийы хуызæн арф иæ уыд, фæлæ ахсджиаг уыд уый æмæ уый уыд сабыр революци, фæндæгтæ гом кодта социалистон райдайæнтыл æхсæнад къæпхæнгай аразынæн.

Раст афтæ æмбарын хъæуы «граждайнаг сабырдзинады» тыххæй хъуыды. Уый тыххæй Ленин фарста æрæвæрдта 1921 азы æмæ йæ комкоммæ сбаста æрмæст бæстæйы рæзты нысантимæ нæ. фæлæ дунеон политикæимæ дæр (т. 44, ф. 78, 80).

Хъыгагæн, сабыр æууæлты Ленинæн ног æхсæнад саразыны тыххæй хъысмæт чысыл рæстæг радта. Социализмы тыххæй йæ цæстæнгас бындуронæй кæй аивта, уый нæ бамбæрстой æмæ йын æмбæлгæ аргъ не скодтой йе 'мтохгæнджытæ. Бæстæйы уыйфæстæйы æппæтрæзты æмæ социализмы хъысмæтыл тынг чи хъуамæ фæзынданд, йæ уыцы фæстаг фæндæттæм та хъусдард нал æрцыд. Уый та æркодта зыгъуыммæдзинæдтæм æмæ бирæ бæллæхтæм.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ничи зæгъы афтæ æмæ нæ рæстæгмæ, рацарæзтмæ рахæссæм, Ленин йæ царды кæрон цы хæстæ уыдта, уыдон, уыцы хъуыдытæ нымайын нæ хъæуы махæн комкоммæ амынддзинæдтыл. Фæлæ сæ асмæ, сæ мидисмæ гæсгæ уыдон сты æмхуызон хæстæ.

Ахæм абарстæн нын бындур чи дæтты, ахæм принципиалон миниуæг уый у, æмæ уæд дæр æмæ ныр дæр ныхас цæуы революцийыл революцийы мидæг, ног æхсæнадмæ раст фæндагыл цæуыныл, социалистон цардарæзты гæнæнтæй куыд хуыздæр спайда кæнæм, уыцы фæндæгтыл.

Раст уымæ гæсгæ, рацарæзт райдайгæйæ, мах не 'ргом аздæхтам Ленины фæстаг куыстытæм. Æмæ нын уыдон ныфс вадтой зын, фæлæ раст фæндагыл кæй æрлæууыдыстæм, уый тыххæй. Иудзырдæй, ног æууæлты мах хъуамæ йæ бынаты сæвæрæм советон хицаудзинады ленинон уаг, хъуамæ суа адæмæн læггад кæны хъуыддаджы тæккæ демократондæр æмæ пайдайагдæр уаг.

Нæ бæстæйы ног æхсæнады æртыккаг ахсджиаг хай у бирæнацион паддзахады федералон арæзт. Ам дæр бирæ цыдæр хъуыддæгты спайда кæнын хъæуы ленинон фæлтæрддзинадæй, уыимæ æргом аздахын хъæуы, Уæрæсейы революцийæн уыцы тынг ахсджиаг фарстатæм, йæ цæстæнгас куыд ивта, уымæ.

Дунеон хæсты размæ Ленин, куыд фылдæр марксисттæ, æппæрццæг цæстæй кастысты федерацимæ æмæ децентрализацимæ (т. 24, ф. 143). Уымæ хъæддыхæй хъахъхъæдта, централизацигонд паддзахады лæууын кæй нал фæнда, уыдон цæмæй ахицæн уой, уый тыххæй бар.

Октябры уæлахиз комкоммæ æрæвæрдта хи фæндаг æвзарыны фарста. Уæрæсейы ног æхсæнад аразыны хъуыд дагæн уæвæн нæ уыд, нациты æмæ адæмыхæттыты æмдзард нæ банывыл кæнгæйæ. Фæлæ хæдхæцæг паддзахы ныхмæ арæзт чи уыд, уыцы цытджын сæрибардæттæг революци райгуырын кодта æндæр хъарутæ дæр. Империй, уымæн та уыдис дарæс цæуыт фæстиудзинæ æмæ сæ æнæхъæвæн ныр дæр ма.

Ардыгæй цæуы хатдзæг: абон фаг иал у мидпартион царды ленинон нормæтæ ногæй сæ бынаты сæвæрын. Бæстæйы æппæт цард рапаразын æрæвæрдта уымæй егъаудæр хæстæ.

Æхсæнады хъæуы, социалистон фæндагыл лæуд чи уа, ахæм раздæхуæг парти, уый хъуамæ архайа æрмæстдæр демократон мадзæлттæй æгъдауæй æгъдауæй паддзахады, парадон паддзахады фæндагыл.

Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы æууæлты дæр бæстæйы къухы бафтыдысты ахъаззаг æнтыстытæ, уыимæ бирæ адæмты национ царды дæр. Нæ ныртæккæйы пъланты махæн нæ бон у уыдоныл æнцой кæныл. Фæлæ национ рæзты закъонтæ ницæмæ дард кæй цыдысты, уый аххосæй æмбырд кодтой æнæлытгонд фарстатæ æмæ уыдон та, æппынфæстаг, историйы цæхгæр фæзилæны рагуылф кодтой æдтæмæ.

Ныртæккæ бæстæйы цæуынц зын сгæрстытæ. Фæстаг рæстæг къухы бафтыд бирæ цæуылдæрты ахъуыды кæнын. Парти æрæвæрдта ныртæккæйы æууæлты национ политикæйы Платформæ. Адæмон депутатты Съезд. Сæйраг Совет æрныхас кодтой æвзаджы, экономикон хæдбардзинады тыххæй закъонтыл, фидаргонд æрцыд ССР Цæдисæй ацæуыны фæткы тыххæй закъон. Ногдæргонд цæуы цæдисон бадзырд. Ныртæккæ. чи зоны, у закъонтæ аразыны тæккæ бæрнондæр рæстæг, уымæн æмæ уый баст у советон федерацийы хъысмæттимæ.

Мах стæм СЦКП-йы XXVIII съезды къæсæрыл. Историйæхæдæг куыд домы, афтæмæй партийы тыххæй фарстайы дæр хъуамæ аивæм нæ цæстæнгас, Ленины разамындæй куыд уыд, афтæ хъуамæ саразæм «ног хуызы парти». Ныртæккæ коммунисттæ æмæ æппæт æхсæнады разæнгардæй æмæ критикон уагыл кæуыл ныхас кæнынц, СЦКП-йы ЦК-йы уыцы Платформæ æмæ Уставы проект ног райдайæн сæвæрдтой Коммунистон партийы рæзты принципиалон æгъдауæй уыцы ног къæпхæнæн.

Фарста афтæ æвæрд кæй цæуы, уымæн нумæйагæй цы ис ленинон партион традициимæ? Æппæты фыццаг — хъуамæ аразгæ уа, бæстæйы æмæ дунейы уавæр йæхи куыд ивгæ цæуы, уымæй. Партийы иудзинады тыххæй уынаффæ чи сфидар кодта, УК(б)-йы уыцы X съезд ма сфидар кодта æндæр уынаффæ дæр — сæйрагдæр уынаффæ — «партион арæзтады фарстаты тыххæй». Уым куыд загъд уыдис, афтæмæй уæвæн нæй, революцион процессы æппæт къæпхæнтæн чи бæзза, партион арæзтады ахæм нумæйаг хуызтæн, уынмæ йæ куысты мадзæлтты дæр. Уый нæ, фæлæ, загъд дзы уыдис, куыст аразыны хуызтæ æмæ мадзæлттæ æххæстæй хъуа

Æмбæлттæ! Æхсæнады чи рапарахат, уыцы ныхас ахæссыд партийы теоретикон, идеологон бындурты къабазыл дæр. Ныхасы бæстæтæу ис ленинизмы тыххæй фарста дæр. Уымæ нуæйнутæ уыцы быцæу ныхас кæнынц нигилистон, зæгъын, агрессивон уагыл.

Дзырд «ленинизм» фæзынд меньшевикты æхсæн 1917 азæй бирæ раздæр. Хъуыддаг уый мидæг ис æмæ афтæмæй хъавыдысты Ленины цæстæнгастæ марксизмы ныхмæ æрæвæрынмæ, 20-æм азты райдайæны Ленины æмтохгæнджытæ уыцы хъуыдыйæ пайда кæнын райдыдтой марксизмы рæзты ног къæпхæны тыххæй дзургæйæ. Уый ныхмæ æрлæууыд йæхæдæг. Хæдæфсарм кæй уыд, æрмæст уый тыххæй нæ, фæлæ Ленин никуы тыргыдта сæрмагонд, теоретикон - философон системæ саразынмæ. Уый сыгъдæгсæрдæйæ йæхи нымадта Марксы ахуыргæнæгыл æмæ, теоримæ цы хай бахаста, уый нымадта марксистон ахуырады иу хайыл.

Ленины удварны бынтæй æнæмæлгæ цыдæриддæр у, уыдоныл æнцой кæнгæйæ, нырыккон зонындзинæдтæй, адæймаджы æмæ æхсæнады тыххæй наукæйы тæккæ ногдæр уæлахизтæй пайда кæнгæйæ, мах агурдзыстæм нæхи дзуаппытæ нæ рæстæджы фарстатæн æмæ домæнтæн.

Æмбæлттæ! Не хсæнадæн нæй, социалистон рацарæзт цæмæй банва, уый. Уый у зын, фæлæ æнæмæнг чи хъæуы, æмæ нæ зындзинæдтæй прогрессмæ чи хъуамæ ракæна, ахæм фæндаг. Æмæ уыцы фæндагыл мах ницы бакæндзыстæм æнæ ленинон бынтæй.

Рацарæзты æнтыст уыдзæн ахъаззаджы къахдзæф æппæт цивилизацийы рæзты. Уымæн йæ бон суæвын у сæрæвæрæн ахæм егъау ивддзинæдтæн, æмткæй райсгæйæ. ахæм æнæтыхмæ, демократон революцитæн, кæцытæн сæ бон бауыдзæн. Зæххыл дзыллæты царды мидис цæй мидæг ис уый бамбарынмæ сæ ракæнын. Уый йæ бæллиц уыд Ленинæн. (Къухæмдзæгъд).

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Хъæууон хæдзарады министрад саразыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Арæзт æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Хъæууон хæдзарады министрад.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,

1990 азы 19 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады министрад саразыны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Арæзт æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады министрад.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.

Гор. Орджоникидзе,
1990 азы 19 апрель.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Таболты А. К. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæгæй снысан кæныны тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Таболты Аркадий Кермены фырт нысангонд æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæгæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.
1990 азы 19 апрель.
Гор. Орджоникидзе.

ТАБОЛТЫ А. К.

Таболты Аркадий Кермены фырт райгуырд 1931 азы Дыгуры районы Дыгурыхъæуы.

Мæскуыйы инженерон-архæстадон институт каст фæуыны фæстæ 1954 азы кусынмæ æрвыст æрцыд Вологдæйы областмæ, уыдис трест «Вологдалесжелдорстрой»-йы прораб, механизацигонд колонцæйы хицау, машинæфæндагон къорды сæйраг инженер.

1959 азæй 1979 азмæ куыста трест «Цæгирпромархæстад»-ы сæйраг инженерæй, архæстадон управленийы хицауæй, треста хицауæй.

1979-1989 азты уыд ССР Цæдисы Архæстадон министрады фæсарæйнаг хайады хицауы хæдивæг, Ливийы советон архæстадон-монтажон организацийы генералон директор.

Таболты А. К. у СЦКП-йы уæнг 1961 азæй.

1989 азы апрелы Таболты А. К. нысангонд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæгæй.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Никотин В. М. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæгæй снысан кæнын тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Никотин Вячеслав Михаилы фырт нысангонд æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæгæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.
Гор. Орджоникидзе,
1990 азы 19 апрель.

В. М. НИКОТИН

Вячеслав Михаилы фырт Никотин райгуырд 1935 азы Стъараполы крайы Сырхгвардион хъæуы. Азовы-Сауденджызы хъæууон хæдзарады механизацийы институт каст фæуыны фæстæ 1958 азы æрвыст æрцыд Казахты ССР-йы Павлодары облæстмæ, уым куыста инженерæй, совхоз «Александровский»-ы инженерæй, сæйраг инженерæй.

1961 азы куыста Стъараполы крайы Сырхгвардион районы колхоз «Родина»-йы сæйраг инженерæй, районы хъæууон хæдзарады куыстадон управленийы хицауæй, Хъæрæсе-Черкесийы облæстон иугонд «Хъæухæдзæхникæ»-йы сæрдарæй, 1986 азæй фæстæмæ та — Хъæрæсе-Черкесийы автономон облæсты Паддзахадон агропромы сæрдары хæдивæгæй.

1960 азæй В. М. Никотин у СЦКП-йы уæнг.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Къарджиаты Э. Хъ. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæгæй снысан кæнын тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Къарджиаты Эльбрус Хъаныхъойы фырт райгуырд 1944 азы г. Орджоникидзейы.

Цæгат Кавказы Хæххон-металлургон институт каст фæуыны фæстæ 1966 азы æрвыст æрцыд ахуыргæнæгæй Хæххон-металлургон техникуммæ, уым æй равзæрстой ФÆЛКЦ-йы комитеты секретарæй.

Къарджиаты Э. Хъ. у СЦКП-йы уæнг 1976 азæй.

1968 азы куыста ахуыргæнæгæй Цæгат Кавказы Хæххон-металлургон институты, 1982 азæй та уыд институты проректор ахуырадон куыстыл.

1983 азы Къарджиаты Э. Хъ. æвзæрст æрцыд СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы наукæ æмæ ахуыргæнæндæтты хайады сæргълæууæгæй.

1988 азы йæ снысан кодтой Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæмон ахуырады мини-

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Лагкуты Р. О. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæгæй снысан кæнын тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Лагкуты Рамазан Омары фырт нысангонд æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæгæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.
Гор. Орджоникидзе,
1990 азы 19 апрель.

КЪАРДЖИАТЫ Э. Хъ.

Лагкуты Рамазан Омары фырт райгуырд 1937 азы Æрæфы районы Цыколайы

Йæ фæллойадон архайд райдыдта 1953 азы Æрæфы хъæды хæдзарады кусæгæй. 1957 азы Налыччы кооперативон техникум каст фæуыны фæстæ куыста Орджоникидзейы районы фæлхасадон æхсæнады инструкторревизорæй. 1958 азы æвзæрст æрцыд фæскомцæдисы Орджоникидзейы райкомы фыццаг секретарæй.

Лагкуты Р. О. 1959 азæй у СЦКП-йы уæнг.

1965 азы, куыст нæ ныууадзгæйæ, каст фæцис Мæскуыйы Советон базарады институт.

1961 азæй 1974 азмæ куыста Цæгирфæлхасцæдисы ревизион къамисы сæрдарæй, Росторгодеждайы Цæгат Ирыстоны базæйы сæргълæууæгæй.

1974 азы нысангонд æрцыд базарады министры хæдивæгæй. 1981—1985 азты

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Алыккаты М. Дж. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæгæй Госпланы сæрдарæй снысан кæнын тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Алыккаты Марат Дженайы фырт нысангонд æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæгæй, Госпланы сæрдарæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.
Гор. Орджоникидзе,
1990 азы 19 апрель.

АЛЫККАТЫ М. Дж.

Алыккаты Марат Дженайы фырт райгуырд 1941 азы Цæгат Ирыстоны г. Беслæны. Цæгат Ирыстоны Хæххон-металлургон институт каст фæуыны фæстæ 1963 азы æрвыст æрцыд трест «Оренбургцементстрой» - мæ, уым куыста мастерæй, уый фæстæ та архæстадон управленийы прорабæй 1966 азы Алыккаты М. Дж. кусынмæ рацыд трест «Орджтрансархæстад» - ы куыстадон-техникон хайады инженерæй, куыста 324-æм архæстадон-монтажон управленийы хистæр прорабæй, уый фæстæ та трест «Цæгирпромархæстад»-ы архæстадон управленийы хистæр прорабæй.

Алыккаты М. Дж. у СЦКП-йы уæнг 1973 азæй.

1971 азы Алыккаты М. Дж. нысангонд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы цæрæн-

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ
УЫНАФФÆ

Дзуццаты С. Х. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы хъуыддæгтæ аразæгæй снысан кæнын тыххæй

Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Сæйраг Совет уынаффæ кæны:

Дзуццаты Саханджери Ханджерийы фырт нысангонд æрцæуæд Цæгат Ирыстоны АССР-йы министрты Советы хъуыддæгтæ аразæгæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.
Гор. Орджоникидзе,
1990 азы 19 апрель.

ДЗУЦЦАТЫ С. Х.

Дзуццаты Саханджери Ханджерийы фырт райгуырд 1938 азы Рахизфарсы районы Фарныхъæуы.

Йæ фæллойадон архайд райдыдта Беслæны нартхоры комбинаты архæстадон кусæгæй.

1961—1971 азты уыд фæскомцæдисон куысты — ФÆЛКЦ-йы куыста Орджоникидзейы райкомы инструкторæй, Æрыдоны районы совхоз «Нарт»-ы фæскомцæдисон комитеты секретарæй, ФÆЛКЦ-йы Æрыдоны райкомы фыццаг секретарæй.

1971 азæй, — СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы пропагандæ æмæ агитацийы хайады инструктор, Æрыдоны районы адæмон депутатты Советы æххæстКомы сæрдары хæдивæг, СЦКП-йы Æрыдоны райкомы секретарь.

1973 азы фæсарæуонмæ каст фæцис Хъæууонхæдзарадон институт, 1977 азы та — СЦКП-йы ЦК-йы Уæлдæр партион скъола.

«Рухс»-ы минæвар

22 апрелы дыккаг хатт æвзæрстытæ кæм уыдзысты, уыдонæй ну у Курчатовы цыппæрæм æвзарæн округ. Ацы округы æхсæнадон организаци «Рухс» Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы депутаттæм кандидатæй альтернативон уагыл снысан кодта «Рухс»-ы сæрдары хæдивæг Бестауты Русланы.

Руслан у æхсæнад демократон скæныныл зæрдиагæй чи архайы, адæмы царды æмæ куысты уавæртæ фæхуыздæр кæнынмæ разæнгардæй чи тыры, командон-административон разамынды мадзæлттыбюрократизмы ныхмæ рæстдзинады сæрапонд чи тох кæны, нæ мадæлон æвзаг æмæ нæ историон хæзнатыл чи тыхсы, национ ахастдзинæдтæ сæндидзын кæныныл нудадзыг чи кусы, ахæм сыгъдæгзæрдæ æрыгон адæймаг. Æвзарджыты æмæ газеткæсджыты кандидаты программæнмæ базонгæ кæнины тыххæй нæ уацхæссæг Дыгъуызты Тенгиз фембæлд Русланимæ æмæ йæм радта цалдæр фарстайы:

— Руслан, депутат куы суай, уæд фыццаг цавæр фарстатæм аздахдзынæ де 'ргом?

— Фыццаджыдæр уый аразгæ уыдзæнис Советæй. Уый йæ къухмæ хицаудзинад куы райса, уæд нæ проблемæтæн æнцондæрæй уыдзæнис алыг кæнæн, фæлæ Сæйраг Советæн йæ архайд раздæры хуызæн æндзыг куы уа, æмæ цæсты куынæ ахада йæ куыст, уæд кæй зæгъын æй хъæуы, цы хъуыдытæ æмæ мæм фæндтæ нс. уыдон сæххæст кæнын зындæр уыдзæнис.

— Руслан, ыд «Рухс»-ы советы уæнг, афтæ ма зæгъ цавæр проблемæтæ уæ тынгдæр тыхсын кæнынц, цы нысантæ нс уе 'хсæнады раз æмæ сæ куыд хъавут сæххæст кæнынмæ?

— Не 'хсæнады нысантæ афтæ сбирæ сты æмæ сæ сæххæст кæнын ссис зын æмæ бæрнон хъуыддаг. Адæм сфæлмæцыдысты, стыхстысты дуканиты афтид тæрхæджытæм кæсынæй, зауатмæ чи æрцыдис, бирæ ахæм хæдзæртты цæрынæй, транспорты цауд куыстæй. Цы политикон æмæ хæдзарадон системæ нæм нс, уый нал æххæссы æппæт фарстатæ алыг кæныныл. Цард нывыл цæмæй суа, уымæн хъæуы ног тыхтæ, ног реформæтæ.

— Руслан, зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы горæт Орджоникидзейы цы митинг уыдис, уымæн йæ араздзыстæй ну уыдис «Рухс». Æмæ ды куыд кандидат, афтæ цы зæгъдзынæ национ ахастдзинæдты тыххæй?

— «Рухс» у. ацы фарстайы фæдыл цы координацион комитет сырæзт. уымæн йæ фыццаг аразæг. Куыд координацион комитеты уæнг, афтæ мæ бон дзæгъын у. æмæ дзы цы æхсæнадон организацитæ

хæзнатæ сæндидзынæн фадæттæ радтын.

— Æмæ уыцы хъуыддаджы дин цы бынат ахсы?

— Дин у адæймаджы уæлмонцты æмæ йæ удыхъæды рæсугъд минæвджыты астæуымагъз, йæ бындур. йæ райдайæн. Æмæ уымæ гæсгæ диныл уæлæхох нæ хъæуы, фæлæ йын исын хъæуы йæ хорадзинæдтæ.

— Руслан, ды куыд экономист, афтæ ма зæгъ, нæ экономикæ райрæзын кæнынæн цы мадзæлттæ саразын хъæуы?

— Фыццаджыдæр, хъæуы экономикон хæдбардзинад. Фæллойгæнæджы ссæрибар кæнын хъæуы хæдзарадон разамонджыты æфсондæй бынæй æмæ йын радтын хъæуы сæрибарæй фæллой кæнины бар, уæлдайдæр та зæхкусæгæн.

— Ныртæккæ бирæ цыхас цæуы нæ культурæйыл, нæ мадæлон æвзагыл, не 'гъдæуттыл. Фæнды мæ уыдон тыххæй дæ хъуыды базонын.

— Мах, ирон адæм, кæддæриддæр уыдыстæм сæрибаруарзаг. лæгдыхæй хъахъхъæдтам нæ намыс, нæ кад, нæ рагфыдæлтæ — адæмтæ уацары бахауыны бæсты истой мæлæт. Ныр та? Цæмæдæр гæсгæ аргъ нал кæнæм не 'взагæн. не 'гъдæуттæн, нæ динæн. Науæд, куыд ис бамбарæн нæ нуæй-иу разамонджыты ахæм ныхæстæн, зæгъгæ. дам, нрæттæн сæхи нæ фæнды ирон скъолатæ бакæнын. Уый мæнг ныхас у. Æмæ афтæ чи хъуыды кæны, ома, нрæттæн сæ хæрæмæ сæ истори нæ уарыны уыцы разамонджытæ рæдийынц.

— Абон сæвæрын хъæуы контроль цæрæнуæттæ чи дих кæны, уыцы органтыл, фæзæгъынц адæмæй чидæртæ. Ды та куыд хъуыды кæныс?

— Æз дæр разы дæн уыл.

трест «Вологдалесжелдорстрой»-йы прораб, механизацигонд колоннæйы хицау, машинæфæндагон къорды сæйраг инженер.

1959 азæй 1979 азмæ куыста трест «Цæгирпромарæзтад»-ы сæйраг инженерæй, арæзтадон управленийы хицауæй, тресты хицауæй.

1979-1989 азты уыд ССР Цæдисы Арæзтадон министрады фæсарæйнаг хайады хицауы хæдивæг, Ливийы советон арæзтадон -монтажон организацийы генералон директор.

Таболты А. К. у СЦКП-йы уæнг 1961 азæй.

1989 азы апрелы Таболты А. К. нысангонд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министры Советы сæрдары фыццаг хæдивæгæй.

Таболты А. К. хорзæхджын у орден «Кады Нысан»-æй, Фæллойадон Сырх Тыргайы дыууæ орденæй, «Фæллойадон намысы тыххæй. В. И. Ленины райгуырды 100-азы кадæн» майданæй, майдан «Фæллойы ветеран»-æй, 1968 азы йын лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт аразæджы ном, 1985 азы — УСФСР-йы сгуыхт аразæджы ном.

Ныртæккæ куыд нæ бæстæйы æппæт республикæты, крайты, облæстты, горæтты рацарæзты рæстæг цы стыр ивддзинæдтæ цæуы, афтæ мæ уарзон Ирыстоны дæр цæуы бирæ ногдзинæдтæ. Республикæйы алы цæрæг вдæймаг дæр архайы уыл, цæмæй рацарæзтмæ бахæсса йе 'вæрæн. Уый та стыр фарны хъуыддаг у.

Рацарæзт мæнмæ кæсы, у мæнæ-ну нæ рагфыдæлтæ зиуы рæстæг мæсыг куыд амадтой, раст уыйау. Мæсыгамайджытæ хинæй кæрæдзийы никуы цыдысты. Алчидæр сæ архайдта уыл, цæмæй йæхимæ райса уæззаудæр уаргъ.

Уыцы мæсыгамайджыты хъуамæ фæзмæм мах дæр. Уæлдайдæр та абон. Хъуамæ нæ алчидæр, фæнды колхозон, профессор, шахтер, инженер, фыссæг, ахуыргонд уа, уæддæр йе 'ппæт зонд, хъарутæй архайа уыл, цæмæй иудадзыг præза æмæ фидарæй-фидардæр кæна нæ цытджын Райгуырæн бæстæ.

Ныртæккæ тынг вазыгджын рæстæг у. Рацарæзт, æргом ныхас æмæ демократийы æууæлтæй нуæй-нутæ, хъыгагæн, архайынц сæхи пайдайæн. Ис ахæм адæймæттæ дæр, адæмты кæрæдзийыл чи ардауынц, се 'хсæн æфтауынц хæрамдзинады æмæ фыдæхы арт. Уыдонмæ та хъусын нæ хъæуы.

Ирон адæм рагæй дæр уæздан æмæ хæдæфсарм сты. Уымæ гæсгæ, æз куыд хистæр фæлтæры минæвæрттæй ну, афтæ Ирыстоны цæрджытæм, уæлдайдæр та фæсивæдмæ сидын, цæмæй ацы уæззау, вазыгджын рæстæг хъусæг уой сæ хистæртæм, уой къæрцхъус æмæ хиуылхæцгæ. Арт ссудзынæн бирæ нæ хъæуы. Иæ ахуыссын кæныны та бирæ сындæр вæййы. Ацы хъуыддæгты нæ бафæзмын хъæуы нæ зонджын фыдæлты. Уыдон никуы цыдысты сæ масты фæдыл. Кæддæриддæр уыдысты хиуылхæцгæ, уæздан æмæ æгъдауыл хæст. Туг тугæй не 'хсадтой. Уыдысты уæззау зондыл хæст. Уый тыххæй уæлдай стырдæр аргъ кодтой нæ алыварс цæрæг адæмтæ ирон адæмæн.

Уæдæ абон уыцы стыр хæлардзинад афтæ фидар цæуынныæуал у? Уый тыххæй та аххосæгтæ бирæ сты. Райсæм ма нæ ирон æвзаджы фарста. Фыццаджыдæр æй нæхæдæг æртардтам заууаты ранмæ. Трамвайы, автобусты, горæты уынгты цæугæйæ æппындæр нал хъуыст ирон ныхас. Уæдæ скъолаты дæр мадæлон æвзаг раздæр азты ахуыр кодтой куыд фæндыйæ. Æвзаг куы фæцуда, уæд та сæфынц адæмæн йе 'гъдæуттæ æмæ традицитæ. Стæй ма ну хъуыддаг. Адæймаг цæмæй нскæцы адæмы хатты истори æмæ культурæ базона, уый тыххæй йын хъуамæ сахуыр кæна йе 'взаг. Махмæ та уыцы фарста у тынг ныллæг æвæрд. Нæхæдæг не 'взагыл нæ къух ауыгътам æмæ нын уымæ гæсгæ не 'взаг нæ ахуыр кæнынц, нæ республикæйы цы бирæ алы адæмыхæттыты минæвæрттæ цæрынц, уыдон дæр.

Æркæсæм-ма, уæдæ, нæ рагфыдæлты цыртдзæвæнтæ, зæппæдзæтæ, Ирыстоны алæмæты æрдзон бынæттæ цы уаваæры сты, уымæ дæр. Æргом куы зæгъæм, уæд цæуынц бонвыддæрмæ. Фыдæлты мæсгуытæ æмæ зæппæдзæтæ сæфынц. Æмæ сын ну макæ зæгъæг нæ вæййы. Быцоп зæфын фыдæй та фесæфт Таетæртуппы мæсыг. Æмæ аххосджынтæй ну дзуапп бацагурæг нæ фæци. Акæсæм-ма нæ хъæдтæм æмæ цæугæдттæм дæр. Сæфынц нæ цæстыты раз. Суадæттæ сысынц, бæлæсты фæлдахынц бындзарæй.

Æз сидын Ирыстоны адæммæ се 'ппæтмæ дæр. Бахъахъхъæнæм нæ фыдæлты хæзнатæ! Науæд нын сомбон уайдзæф кæндзысты нæ фæдонтæ. Нæхи йедтæмæ нын ничи феххуыс кæндзæн нæ монон хъæздыгдзинæдтæ, не 'гъдæуттæ, нæ культурæ æмæ не 'взаг бахъахъхъæнынмæ. Уый у, йæхи ирон чи хоны, æппæт уыцы адæймæгты хæс. Адæмы хъуыддæгты нæ архайын у йæ фидæны ныхмæ фыдраконддзинад. Æрмæст хъуыддагæй уарзт бамбардзысты æппæт дзыллæтæ.

Иры кæмтты æмæ хъæуты стæй мыгтаджы хистæртæ! Нæ рагфыдæлтæ æмæ фыдæлтæ стыр аргъ кодтой хистæры ныхасæн. Нæ кæстæрты дарддæры фæндагыл тынг хъæуынц уæ зонджын, уæ фæрнджын ныхæстæ. Уыдон уæм æнхъæлмæ кæсынц куыд Нарты Уырымæг æмæ цытджын Къостайы ныхæстæм. Уæдæ сын бацамонут фæндаг æргомзæрдæдзинад æмæ фæлмæнзæрдæдзин а д м æ, хъæбатырдзинад æмæ æнæхиндзинадмæ. Уæ ныхæстæй радтут цард нæ алæмæты æгъдæуттæн. Уымæн æмæ уыдоны фæрды æнусæй-æнусмæ хъомыл кодтой ирон æхсæнады амæй-ай хуыздæр уæнтæ.

Не 'гъдæуттæ кæддæриддæр хицæн кодтой æфсармæй. Цины уа, гъе знаны, — алкæм дæр уыд æмбæлгæ фæтк.

Абон нын нæ рæсугъд æгъдæуттæм сæ «бавæрæн» бахæссынмæ хъавынц цыт æмæ æхцауарзаг адæймæгтæ. Уыдонæн сæ царды нысан ну — зæвæт сдæрын æмæ æхца.

Адæмы 'хсæн ахастдзинæдты та сæйрагдæр, тона минæ æмæ æхца куы свæййынц, уæд уыцы ахастдзинæдтæ æнæмæнг амæлынц.

Уæдæ асыгъдæг кæнæм не 'гъдæуттæ базары фæткæй, не 'гъдæутты культурæ у нæ нациы цæсгом. Æмæ йæ сыгъдæгæй бахъахъхъæныны у алы ирон бинонты, алы ирон адæймаджы сæйрагдæр хæстæй ну.

Адæмты 'хсæн æмахастдзинæдты культурæ, хицæн аргъ кæныны фæтк ирон адæммæ баззадысты сæ рагфыдæлтæй. Ам æхсæнад хъомыл кодтой сæ истори æмæ культурæ уарзондзинадыл. Раздæр уыцы бæрнон хъуыддаг кодтой кадæггæнджытæ, зарæггæнджытæ æмæ адæмон сфæлдыстады нинæ архайджытæ. Абон рæстæг æмæ гæнæнтæ фондæрхуызон сты. Абон хъуамæ уыцы уаргъ хæссой науке, культурæ æмæ анвады кусджытæ. Фаг у адæмæн мæнгаиад, мæнг историйы койтæ кæнын. Уадз æмæ алы адæймаг дæр зона кæмæй райгуырд, цы 'гъдау уыд йæ фыдæлтæм æмæ æндæртæ. Адæмæн чингуыты, киноаивады, телсуынынады, радиохъусынады æмæ театры сценæйы историон цаутæ æвдисын хъæуы рæстæгæй-рæстæгмæ.

Цы йæ æмбæхсæм, уыдис ахæм заман, нæхæдæг нæхиуыл, нæ истори æмæ нæ хъæбатырты нæ къух куы систам. Иу зондджын æмæ ьуырыхон лæг та афтæ загъта: «Иæ истори, йæ хъæбатырты цы наци нæ зоны, уый Райгуырæн бæстæйы. йæ адæмы патриоттæ никуы схъомыл кæндзæн».

Нæ рис — не 'взаг. Кæм агурæм аххосджыты, не 'взаг ахæм æдзæллаг уавæрмæ кæй æрцыд, уый тыххæй. Уæлдæр куыд загътон, уымæ гæсгæ ам аххосджын стæм æгасæй дæр. Кавказы иннæ адæмты 'хсæн мах цивилизацимæ афтæ рæвдз æмæ арф «багуылф» кодтам, æмæ нæм нæхи 'взагыл дзурын сси æнæкультурондзинады æвдисæн.

Цас марг, цас къуымых уæвын хъæуы æмæ дæхицæй, де взагæй, дæ адæмæй дæхи атигъ кæн. Гъе уый дын æцæг сæрзнлæджджын «интернационализм».

Хъуамæ нæ мадæлон æвзаг цæра тъымы-тъымæмæ. Æмæ цæрдзæн. Æцæг сывæллон йæ мады хъæбысы фыццаг ныхас хъуамæ йæ мадæлон æвзагыл хъуса Цæрдзæн, йæ мад ын авдæны «А-ло-лай» ирон æвзагыл куы зара, уæд. Цæрдзæн сывæллон тыцын æмæ пана, баба æмæ дадайы гаурæгътæм, нæ алæмæты «Нарты кадджытæм» куы хъуса, уæд. Цæрдзæн, ирон æвзаг дæр нæ республикæйы паддзахадон куы суа, æмæ, суанг дуканиты дæр продукты нæмттæ дыууæ æвзагыл фыст куы уой, уæд. Алы адæймаг дæр куы бамбара: æвзаг физикон цардæй уæлдæр кæй læууы, уæд. Уый хъуамæ бамбарой бинонтæ, скъола. Рæстæг ницы бары. Хъуамæ ацы фарста æвæрстытæй лыгтонд æрцæуа.

Рагæй-æрæгмæ ирон Мадæлон стыр нысанхуаг ис. Уый у хæдзардарæг, фарнæсæг. Хуымæтæджы нæ уыд адæмæн кад Нарты Сатанайæн. Æрмæст æй уый зыдта, кæдæй райгуырдыстæм æмæ нас стæм.

Абон дæр хистæртæ чындзæн арфтæ кæнгæйæ уымæн фæзæгъынц: «О, нæ чызг, адæмы фарнæй хайджын у! Фарны къах æрбавæр а хæдзармæ! Рæдт нын авд læппуйы æмæ ну цъæхдзаст чызг! Уый фæнды нæ адæмы æмæ дæ Уастырджи æмæ Мадымайрæмы хорзæх уæд».

О, Ирыстоны чындзытæ! Æрмæст сымахмæ нс æрдзы стырдæр læвар. Æрмæст нæ адæм чи бахъахъхъæна, уый нæ, фæлæ ма нын æй фылдæр чи фæкæна, уыцы læвар.

Радтут нæ адæмæн фæйнæ авд læппуйы æмæ фæйнæ цъæхдзаст чызджы!

Уый хъуамæ æнкъæра алы ирон чындзаг дæр. Адæмы 'хсæн фæзæгъынц: «Дыууæ зæрдæйы бану нырма амонд нæма у. Сæйраг амонд сты — сабитæ. Сабитæ сты нæ адæмы ныфс, нæ адæмы фидæн».

Абон нæ рисс — нæ бæрц. Уыцы рисс нын хъуамæ фæкъаддæр кæной нæ фарнхæссæг ирон чындзытæ.

Уый уын мæ хъуыдытæ, уый уын мæ зæгъынæттæ. Кæд нскæмæ æгæр тар фæкастысты, уæд, табуафси, зæгъут сымах дæр, уæ зæгъынæттæ. Æз дæр уæм æхсызгонæй байхъусдзынæн.

БАСКАТЫ Вадим.

МÆ ЗÆРДÆЙЫ САГЪÆСТÆ

ЧИ ЦЫ КÆНЫ, УЫЙ-ЙÆХИЦÆН

ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС

ХУДАДЖЫ ХАЛ АХÆР

— Госæда, ног хабар нæ фехъуыстай?

— Цы, дæ хорзæхæй?

— Знонрайсом Гадзыгыз ну лæгимæ базоигæ æмæ дзы дысон смой кодта...

— Æмæ уым диссагæй цы нс?

— Куыддæр æрбабон, афтæ ахицæн сты.

* * *

Ус сæумæрайсом йæ цæсгом алыхуызон ахорæнтæй фæахуырста, йæ сæрыл цавæрдæр хæмпæлгонд стыр парик æрсагъта æмæ йæ лæгæн æппæлы...

— Нард кæнын райдыдтон, лæгай. Знон мæхи сбарстон æмæ мыл æнæхъæн дыууæ килограммы бафтыд.

— Дзæгъæлы цин кæныс. Дæхи дзæбæх ныхс, дæ парик аппар æмæ афтæмæй сбар дæхи...

* * *

— Абон фыссæм сочинени ахæм темæйыл: «Сæдæ мин сомы дæм куы уаид, уæд дзы цы саразынс?»

— Гæбил тагъд-тагъд цыдæртæ афыста æмæ ахуыргæнæгмæ бауад:

— Сæдæ мины мын нæ фаг кæныц. Дæс мины сæм нæ бафтаудзынæ?..

* * *

Уацхæссæг фæрсы продуктгæ уæйгæнæн дуканийы хицауы:

— Арæхдæр уæм цавæр продуктгæ вæййы?

— Раст нæу дæ фарст.

— Куыд нæу раст?

— Куыд, куы, афæрсын хъæуы: арæхдæр, уæм цы продуктгæ нæ вæййы?..

* * *

Слесгæнæг фæрсы аххосджыны:

— Ацы дзаумæтты тыххæй цы зæгъдзынæ?

— Федтон сæ цалдæр хатты?

— Кæм?

— Дæ къухты...

* * *

АРГЪУАНЫ ДЗÆНГÆРÆГ

Ацы аз 14 апрелы нзæрæй Ирыхъæуы къушæй райхъуыстысты дзæнгæрæджы цъæхснаг æлгъæг: Сыгъдæг Мадымайрæмы Ирыаргъуан сидтис адæммæ, хуыдта сæ йæ кæртмæ Куадæны бæрæгбонмæ.

Æз уыцы рæстæг уыдтæн аргъуаны кæрты, дзæнгæрæджы фыццаг мыртæ куыд райгуырдысты, уымæн уыдтæн æвдисæн. Хистæр сауджын Леониды фæдзæхстмæ гæсгæ иу нырыккомау урсбоцъо зæронд лæг бацыди бæласыл ауыгъд (рæстæгмæ) дзæнгæрæгмæ. Йæ синагыл ын зæрдæргъæвдæй æрхæцыд. Бæрæг у: кады хъуыддагыл нымайы йæ куыст. Бæрæг у ноджы: гæзæмæ тыхсы йæхимидæг. Æмæ куыннæ! Ныртæккæ Ирыхъæу æмæ йæ алыварс сыхтыл фыццаг хатт ныййазæлдзæни дзæнгæрæг! Фыццаг зæлтæ хъуамæ уæлдай аивдæр, уæлдай æхцондæр рауайой!

Ацы ран нæ ныхас нучысыл иуварс фæзилинаг у. Сахаты 'рдæджы размæ аргъуаны кæрты сæмбæлдтæн мæ хæларттыл. Сæ цуры лæууыди тæнтъихæгарæзт зæронд лæг, цыбырæлвыд урс боцъо йын. Базонгæ йæ кодтой мемæ: Ирыаргъуаны, дам, кæддæр дзæнгæрæгдзæгъдæгæй куыста — Полянский Яков Филиппы фырт.

Æхсызгон мын уыд ахæм лæджы фенд æмæ йæм цымыдисæй бакастæн. 90 азмæ æввахс ыл цæудзæни, фæлæ нырма — йе змæлдтытæ цæрдæг.

— Фæстаг хатт ма кæд цагътай ацы аргъуаны дзæнгæрæг? — бафарстон æй.

— 1921 азы.

70 азмæ æввахс фæлæууыд æгуыппæгæй Ирыаргъуан. Зилæг æм нал уыд, раууатмæ æрцыди, расыгæнджыты, наркоманты, хъахбайты ахстон дзы рауад. Атеистон пропагандæ йæ куыст бакодта: адæм Хуыцауыл нал æууæндыдысты. Хуыцауы бæсты табу кæнын райдыдтой хуыцауылгъыстытæн. Æмæ цæмæ æрцыдыстæм, уый нæхи цæстæй уынæм. Тоталитарон фæтк æвæрджытæ нын цыма фынæйы хос бадардтой — цагъайрæгтæ систæм, сарибары ад нал æмбарæм, искæй тыхст нæм нал хъары, циныл цин нал кæнæм, рисыл рисгæ, адæм кæрæдзимæ топпы кæсæнæй акастысты. Фесæфти царды тæккæ стырдæр хæзна — Æууæнк. Æууæндгæ чи нæ кæны, уыцы адæймаг та сæфт у, нæй йын фидæн, нæй йын æрвад, æфсымæр, хион...

70 азы фæстæ ногæй сдзырдта Ирыаргъуан. Я. Ф. Полянский сонт риуыгъд æркодта синаг æмæ арвмæ урс бæлæттау нывпæррæст ластой æхсызгон мыртæ...

14 апрель... Зæронд нымадæй — хуымгæнæны мæйы фыццаг бон. Уæдæ мæ зæрдæ зæгъы ирон адæмæн: Ирыаргъуаны дзæнгæрæджы зæлтæ нын фестæнт ахæм хоры нæмгуытæ, нæ зонды хуымы сыгъзæрин æвзартæ чи суадза. Рухсæй, Фарнæй байдзаг уæнт нæ зæрдæтæ, тарф фынæйæ куыд райхъал уæм, нæхи куыд æрæмбарæм, кæрæдзимæ куыд æрбангом уæм.

Ирыаргъуан — нæ культурæйы рухс артдзæст. Къоста йе 'нусон бынат кæм ссардта, уыцы ахсджиаг мæсыг. Зынаргъ у, адджын у ирон удæн.

Ныр ын, æппынфæстаг, йæ бацæуæны уынæм згъæр дамгъæтæй ирон фыстытæ, æмæ нæ зæрдæтæм рухсы цъырт бакаст. Ие 'цæг хицæутты — дины куыдзыты бæрны йæ бакодтой. Уыдон æм — арфæйаг фæуæнт! — Бавнæлдтой цалцæг кæнынмæ. Фæлæ уымæн дзæвгар фæрæзтæ хъæуы. Æмæ мах дæр, «Мах дуджы» кусджытæ, нæ фысджытæ, нæ автортæ, не 'хъуысы хай хæссæм: журналы ацы азы æртыккаг номыры гонорар æнæхъæнæй арвыстам Ирыаргъуан йæ къахыл слæууын кæныны хыгъдмæ. Ахъаззаг хъуыддагæй йæхи фæстæмæ чи нæ аласта, уыдонæн та цæстуарзонæй зæгъæм: «Бузныг! Сыгъдæг Мадымайрæмы хорзæх уæ уæд!»

Ирон адæм! Чи цы кæны, уый йæхицæн кæны. Нæ аргъуан аргъуаны хуыздæн цæмæй суа, уыл батыхсæм зæрдиагæй! Уæд фыццаджы-фыццаг нæхицæн скæндзыстæм удыбæстæ, уæд нæ фæстагæттæ дзыхъылæуд нæ уыдзысты, иннæ адæмты 'хсæн цæрдзысты кад æмæ радзей. Аргъуан сцалцæг кæныны тыххæй цы хъыгъд байгом, уый номыр у: 1700120.

Мæ ныхас фæуынмæ хъавын, фарон февралы цы сонет ныффыстон, уымæй.

Иры аргъуаны хъарæг

Храм, разрушенный толпой...
Къоста.

Хъуытаз-хъæлæс мын уыд, æмæ йæ байстой:
мæ дзæнгæрæг æрæппæрстой, ныссастой.
Ныр зауат æмæ рауатæй лæууын.

Фыддуг, фыдадæм... Цард ысси хæлофæй...
О Иры къуыпп, о удхæрæн, Голгофæ...
Мæ бæрзонд дзуарæй хурныгуылд уынын.

Æрра сæнттау сынт-æрдонгтæ мæ сæрты
ысхъомпал вæййынц, зæрдæ сæ фæрыст.
Æнæхуыцау дзæгъæлæгтæ сæ «куыст»
сæумæдæвдæгæй райдайынц мæ кæрты.

Нæ хъуысы кувын ардыгæй — цъæлхъæртæ.
Хъахбайдонау — æвзæр ныхас, æлгъыст...
Къоста, мæ иунæг! Сау ингæнæй сыст,
зынгоны ранæй фесафæм нæ сæртæ!

ХЪОДЗАТЫ Æхсар.

НЫВГÆНÆДЖЫ ЦÆСТÆЙ



ЦАС СТЫ ИРОН АХУЫРГÆНДТÆ

«Научно-технический прогресс» — афтæ хуыйны ног чиныг. Рацыдис Мæскуыйы рауагъдад «Финансы и статистика»-йы. Цы æрмæджытæ дзы ис, уыдон æвдисынц нæ бæстæйы наукон хъарутæ, техникон сфæлдыстад, ног техникæ саразынц мадзæлттæ цы ахъаз сты, уый. Бæлвырд амынд сты, бæстæйы наукон кусджытæ нудадзыг фылдæр кæй кæныц, уый наукон-техникон прогрессыл, алы нациты æмæ адæмыхæттыты культурон рæзтыл куыд зыны, уый.

Чиныджы куыд фыст ис, афтæмæй фондз азмæ ирæтты наукæты докторты нымæц фæфылдæр 22 процент, наукæты кандидаттæ — ирæттæй ныртæккæ бæстæйы ис 1150.

Л. АЛЕНКИН.

ДЗЫРДБЫД

æмæ зæххыл чи цæры, ахæм цæрæгой. 18. Хæрынæн бæзгæ хъамылгæрдæг. 19. Уæрычы царм. 21. Ærдæгсакъадах Цæгат Америчы. 22. Спортивон хъаст. 23. Нарты калдзыты архаæнæхъæнæй арвыстам Ирыаргъуан йæ къахыл слæууын кæныны хыгъдмæ. Ахъаззаг хъуыддагæй йæхи фæстæмæ чи нæ аласта, уыдонæн та цæстуарзонæй зæгъæм: «Бузныг! Сыгъдæг Мадымайрæмы хорзæх уæ уæд!»

Ирон адæм! Чи цы кæны, уый йæхицæн кæны. Нæ аргъуан аргъуаны хуыздæн цæмæй суа, уыл батыхсæм зæрдиагæй! Уæд фыццадджы-фыццаг нæхицæн скæндзыстæм удыбæстæ, уæд нæ фæстагæттæ дзыхъылæуд нæ уыдзысты, иннæ адæмты 'хсæн цæрдзысты кад æмæ радзей. Аргъуан сцалцæг кæныны тыххæй цы хъыгъд байгом, уый номыр у: 1700120.

Мæ ныхас фæуынмæ хъавын, фарон февралы цы сонет ныффыстон, уымæй.

ИРОН АДÆМЫ МЫГГÆГТÆ

Æрæджы мыхуыргонд фестæм ирон адæмы мыггæгты номхыгъд. Уым стыр куыст бакодтой газеткæсджытæ сæхæдæг дæр. Æххуысмæ сæм фæсидтыстæм тæккæ рай дайæны. Æмæ уымæй нæ фæрæдыдыстæм. Дæевгар фыстæджытæ нæм æрбацыд мыггæгты тыххæй. Сæ фылдæр арфæйы ныхæстимæ — адæмы зæрдæмæ фæцыд нæ хъæппæрис. Мыггæгты равзæрды тыххæй нæм æрбарвыстой , бирæ æрмæджытæ. Уæлдай райгонддæр та стæм, нæ номхыгъды чи нæ уыд, уыцы мыггæттæ нæм чи æрбарвыста, уыдонæй.

Номхыгъд мыхуыргонд фæци, фæлæ ма нæм уæддæр мыггæгты тыххæй цæуы фыстæджытæ, газеткæсджытæ зæгъынц сæ хъуыдытæ, сæ фиппаинæгтæ. Мæнмæ дæр нс цалдæр фиппаинаджы, — фыссы Хуссар Ирыстоны Къостайыхъæуæй Хуыбиаты Никъала, — нæ мыггаг фыст цæуы дыууæ хуызы. Хуыбиатæ раздæр цардысты Цæгат Ирыстоны Уыналы. Æндæр мыггагимæ фæхъæлæба сты æмæ ралыгъдысты Хуссар Ирыстоны бæрзонд хæхтон хъæу Гуыпгуымæ. Дзæвгар рæстæджы фæстæ уырдыгæй сæ иу хай хуыздæр цардагур рафтыд Хуссар Ирыстоны æмæ Гуырдзыстоны быдыры хъæутæм. Хонын сæ райдыдтой Хуыбатæ. Уыдонæн сæ иу хай алыгъд Цæгат Ирыстонмæ.

Уæдæ афтæ Хуыбатæ æмæ Хуыбатæ сты иу мыггаг, фыссын сæ хъæуы Хуыбнатæ (Хуыбатæ) — Хубаевы.

Уымæй уæлдай ма номхыгъды нæй мыггаг Хъоцытæ, уырыссагау фыссынц Кочиевы. Цæрынц Хуссар Ирыстоны Дзауы районы Тъонтъобеты. Дамгъæ «Цъæйы бынмæ не сты Цъæриттæ, уырыссагау фыссынц Царитовы. Цхинвалы районы Къостайыхъæумæ æввахс нс иу къаннæг хъæу — Цъæритт. Цæры дзы Цъæриттæй цалдæр хæдзары.

«Æз дæн Мамыкъаты Хазби, — фыссы нæ газеткæсджытæй иу, — зындгонд куыд у, афтæмæй Мамыкъатæ равзæрдысты Куыртаты комы Цымытийы хъæуы. Уырдыгæй ралыгъдысты иннæ кæмттæм. Бирæтæ дзы æрцардысты Уæллагомы; стæй фæстæдæр æрлыгъдысты Сындзыхъæу æмæ Сырх Дыгурмæ. Фыссынц Мамыкъатæ, уырыссагау та — Мамукаевы. Уæ номхыгъды нæ мыггаг раст фыст не 'рцыд — Мамучъатæ. Ис ма мыггаг Мамыхъатæ, фæлæ уый уæ номхыгъды нæй. Нæ дыууæ мыггагæн нумæйагæй цы ис, уый нæ зонын. Хорз уаид, исчи йæ куы раиртасид. Бирæтæ нæ хонынц æрвадæлтæ».

Нæ номхыгъды нæй мыггаг Быгъуылатæ æмæ Быгъуылтæ дæр. Уый тыххæй нæм ныффыста Дæллаг Санибайы цæрæг Быгъуылаты Олег. Быгъуылатæ сты Тменыхъæу æмæ Хъобанæй ралидзæг, Быгъуылтæ та — Уæлладжыры комæй. Иу мыггаг сты Быгъуылтæ (Быгъуылатæ) — Бугуловы.

ДАРД КÆМДÆРТЫ

КЪАРОЛТЫ ЧЕМПИОН

О, о, чемпионтæн къаролты 'хсæн дæр уæвæн ис. Данийæгтæ куыд нымайынц, афтæмæй номдзыдмæ, кадмæ æмæ курдиæттæм гæсгæ уыцы ном хъуамæ æрхауа Данийы сылгоймаг къарол Маргрет II-мæ. 16 апрелы йын йæ райгуырæн бон арвыстой куыд национ бæрæгбон. Махмæ сылгоймаджы карты тыххæй дзурын нс зæрдиы, дæннæ къарол та сусæг нæ кæны, 50 азы йыл сæххæст, уый. Æмæ йæ цæмæн сусæг кæна хъуамæ? Астæ йын йæ уынд æмæ конд нæ фендæрхуызон кодтой.

Уæддæр даннаг адæм сæ къаролы афтæ тынг цæмæн уарзынц? Кæй зæгъын æй хъæуы, канд йæ къаролы худы тыххæй нæ.

Кæддæр Маргрет II басаст, æппæтæй тынгдæр кæй тæрсы цардмæ нуварсырдыгæй кæсæг суæвынæй. Æвæццæгæн, уый дзы æртæйæ хуыссыдысты фæндаджы был, фæсур сты, афтæмæй. Адæм

АДЕЙМАГ ЦЫ НЕ ФЕХЪУЫСТАЙ

ЗОНЫ

45 ÆВЗАДЖЫ

36-аздзыд ливиаг Зиад Юсуф Фазах дзуры, фыссы æмæ кæсы 45 фæсарæйнаг æвзагыл. Уымæй фылдæр дунейы æвзæгтæ нычи зоны. 70-æм азты райдайæны уый æрбацыд Бразилимæ æмæ уæдæй нырмæ цæры Рио-де-Жанейройы.

Знадыл 12 азы куы цыд, уæд рабæрæг йе стыр курдиат æвзæгтæ зонынмæ. Зæгъынæн æгъгъæд у уый, æмæ йæ португайлаг æвзаг базонынæн бахъуыд æдæппæтæй æртæ къуырийы.

МЫДЫБЫНДЗЫТÆ

«МАРДЖЫТÆ»

Африкæйаг «мыдыбындзытæ-марджытæ» бакастæй сты европæйæгты хуызæн. Хицæн кæнынц уымæй, æмæ кæцыфæнды уыси дæр цæттæ сты сæ амæттагыл хи андзарынмæ, зæгъы америкаг университеттæй иу ахуыргонд Майкл Берджетт. «Европæйаг мыдыбындзытæ кæм нс, ахæм чыргъæдыл исты куы æрæвæрай, уæд дзы цалдæр секунды фæстæ фæзындзæн 10—12 бындзы æмæ сбæрæг кæндзысты, цы у, уый, — зæгъы ахуыргонд. — Уый африкæйаг чыргъæдыл куы æрæвæрай, уæд дзы уайтагъд ратæхдзæн 200 бындзæй 2.000 бындзы онг æмæ сæхи уыцы цæф ныккæндзысты «змагыл».

* * *

«Артæй ма хъаз» — уыцы æмбисонд æххæстæй дæр хауы, Замбийы сæйраг горæт Лусакайæ 110 километры дардæр горæт Мозабукайы цы фыдбылыз æрцыд, уымæ. Уый у «сæкæры горæт», йæ алыварс сты сæкæры хъæзы хуымтæ.

Ахуырты фæстæ сæхимæ эдæлтæнæ, цалдæр сахаты дзауы сæхи аирхæфсыны охыл дуртæ æхсын байдыдтой, сæ сæрмæ чи тахт, уыцы мыдыбындзытыл. Базырджыты «дзуг» йæхи уыцы нуцæф ныккодта лæппутыл. Минуты фæстæ дзы æртæйæ хуыссыдысты фæндаджы был, фæсур сты, афтæмæй. Адæм

Уацхæссæг фæрсы продуктæ уæйгæнæн дукaнийы хицауы:

— Арæхдæр уæм цавæр продуктæ вæййы?

— Раст нæу дæ фарст.

— Куыд нæу раст?

— Куыд, куы, афæрсын хъæуы: арæхдæр, уæм цы продуктæ нæ вæййы?..

* * *

Слестæнæг фæрсы аххосджыны:

— Ацы дзаумæттыл тыххæй цы зæгъдзынæ?

— Федтон сæ цалдæр хатты?

— Кæм?

— Дæ къухты...

* * *

— Карз нуæзтмæ æмхиц дæ? — фæрсы дохтыр рыцыны?

— Нæ... æрмæст цины бонты аназын..:

— Æмæ кæд вæййынц цины бонтæ?

— Арахъ мæ къухы куы бафты, уæд...

ИС ДЗЫ ИРÆТТÆ ДÆР

Журнал «Известия ЦК КПСС»-ы 3-æм номыры мыхуыргонд æрцыд бæлвырд æрмæг Украинæ æмæ Белоруссийы партион организацийы тыххæй. Уым хицæн сæргонд нæ, уыцы организацийы хыгъды цавæр нацийы минæвæрттæ нæ æмæ цæс сты, уый тыххæй. Ис дзы ирæттæ дæр: Украинæйы партион организацийы хыгъды — 740, Белоруссийы та — 88.

НЫВГÆНÆДЖЫ ЦÆСТÆЙ



Уæхæдæг æй бамбарут.

— Уæд та уал фæйнæ мысты æрцахсинкам, кæннод сыдæй ныммæлдзыстæм.

ЗЫГЪУЫТАТЫ Русланы конд нывтæ.

ЦАС СТЫ ИРОН АХУЫРГÆНДТÆ

«Научно-технический прогресс» — афтæ хуыйны ног чиныг. Рацыдис Мæскуыйы рауагъдад «Финансы и статистика»-йы. Цы æрмæджытæ дзы нс, уыдон æвдисынц нæ бæстæйы наукон хъарутæ, техникон сфæлдыстад, ног техникæ саразыны мадзæлттæ цы ахъаз сты, уый. Бæлвырд амынд сты, бæстæйы наукон кусджытæ нудадзыг фылдæр кæй кæныинц, уый наукон-техникон прогрессыл, алы нациты æмæ адæмыхæттыты культурон рæзтыл куыд зыны, уый.

Чиныджы куыд фыст нс, афтæмæй фондз азмæ ирæтты наукæты докторты нымæц фæфылдæр 22 проценты, наукæты кандидаттæ— ирæттæй ныртæккæ бæстæйы нс 1150.

Л. АЛЕНКИН.

ДЗЫРДБЫД



Фæрсырдæм: 6. Хуыйæн æрмæг. 9. Хъæды лыггаг. 10. Плиты Харитоны поэмæ. 11. Хæдзары дзаума. 12. Фысвосы бардуаг ирон мифологийы. 14. Бæндæн здухæн фæрæз. 15. Паддзахад Азийы. 17. Нæлгоймаджы ном. 18. Дины чиныг. 20. Хъузгджын цæрæгой. 24. Электрод. 25. Малиты Васойы поэмæ. 28. Æмбырд рагон славянтæм. 29. Сырд. 30. Хъæддаг цъиу. 31. Бæхы мыггаг.

Бынмæ: 1. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 2. Буары хай. 3. Урссаг. 4. Хъороты Дауыты пьесæ «Æз нæ уыдтæн, гæды уыди»-йы архайæг. 5. Зилгæ дон. 7. Зæхкусæджы рагон кусæнгарз. 8. Нартхорæй конд хæринаг. 12. Цæугæдон ГДР-йы. 13. Зæххы хай. 16. Бæхифтындзæн дзаума. 17. Доны æмæ зæххыл чи цæры, ахæм цæрæгой. 18. Хæрынæн бæзгæ хъамылгæрдæг. 19. Уæрыччы царм. 21. Æрдæгсакъадах Цæгат Америчы. 22. Спортивон хъаст. 23. Нарты кадджыты архайæг. 26. Зæронд горæт Астæуккаг Азийы. 27. Ирон адæмы уынаффæдон.

Сарæзта йæ ЧЕЛÆХСАТЫ Р.

ДЗУАППЫТÆ

«Рæстдзинад»-ы 14-æм апрелы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн.

Фæрсырдæм: 1. Уацамонгæ. 8. Дзæуг. 9. «Лæгау». 11. Америкæ. 14. Ротару. 16. Саниба. 20. Лæск. 21. Уацилла. 22. Уырыдзы. 23. Судан. 25. Ангара. 28. Пассаж. 30. Тахъина. 33. Секъа. 34. Ногир. 35. Балаганск.

Бынмæ: 2. Аргъау. 3. Аварс. 4. Ололи. 5. Галгæс. 6. Дзутт. 7. Мæхън. 10. Арипуанан. 12. Рапс. 13. Уастырджи. 15. Антигуа. 17. Номылус. 18. Аласа. 19. Хъунц. 24. Дугъ. 26. Катер. 27. Атбара. 28. Парнас. 29. Сасир. 31. «Хъама». 32 «Искра».

ДАРД КÆМДÆРТЫ

КЪАРОЛТЫ ЧЕМПИОН

О, о, чемпионтæн къаролты 'хсæн дæр уæвæн нс. Даниæтæ куыд нымайынц, афтæмæй номдзыдмæ, кадмæ æмæ курдиæттæм гæсгæ уыцы ном хъуамæ æрхауа Данийы сылгоймаг къарол Маргрет II-мæ. 16 апрелы йын йæ райгуырæн бон арвыстой куыд национ бæрæгбон. Махмæ сылгоймаджы кары тыххæй дзурын нс 'мбæлы, даниаг къарол та сусæг нæ кæны, 50 азы йыл сæххæст, уый. Æмæ йæ цæмæн сусæг кæна хъуамæ? Астæ йын йæ уынд æмæ конд нæ фендæрхуызон кодтой.

Уæддæр даниаг адæм сæ къаролы афтæ тынг цæмæн уарынц? Кæй зæгъын æй хъæуы, канд йæ къаролы худы тыххæй нæ.

Кæддæр Маргрет II басаст, æппæтæй тынгдæр кæй тæрсы цардмæ нуварсырдыгæй кæсæг суæвынæй. Æвæццæгæн йæ фидар фæтк дæр уымæн у даниаг къаролады хъуыддæгты æрвылбоны зæрдиаг архайд. Æмæ цы ахъаззаджы ахуыргоиддзинад райста, уый йын тынг æххуыс у йæ хъуыддæгты: Маргрет II-мæ нс Копенгагены, Орхусы (Дани), Кэмбриджы, Парижы æмæ Лондоны университетты дипломтæ, уым ахуыр кодта философи, политикæ, истории юриспруденци æмæ экономикæ.

Къарол йæ хъус цæмæ дары æмæ цæуыл кусы, уыдæттæ, æвæццæгæн, æппæт даниæгты фаг дæр уаиккой. Пе 'ргом тынгдæр цæмæ дары, уыдæттæй ну у археологи. Йæ заманы Маргрет II зæрдиаг архайæг уыдис Римы æмæ Суданы ракъæхтыты. Къарол, дам, нал дæн, зæгъгæ, уæд æппæтæй дæр 'аныгъуылин археологийы.

Уымæй дарддæр ма Маргрет II-йæн йæ бон кусын у нывгæнæгæй-профессионалæй кæнæ дизайнерæй. Критикты нумæйаг хъуыдымæ гæсгæ къаролмæ нс ахъаззаджы литературон курдиат, йæхи францаг æмæ швециаг прозæ æмбисонды хорз тæлмацгондæй равдисгæйæ. Маргрет II у бирæ фæсарæйнаг университетты кадджын уæнг, музаман Британийаг музейы та кастис лекцитæ.

Æмæ ма диссаг цы у — чингуытæн йæ нывты бынмæ æвæры фæспомыг. Фæлæ критиктæ уайтагъддæр бафинпайдтой æппæзонгæ нывгæнæджы стыр арæхстдзинад. Къарол кæй æрхъуыды кодта, уыцы декорацитæ æмæ уæлæдарæсæй спайда кодтой Андерсены аргъау «Пастушка и трубочист» телеуынынады æвдисгæйæ.

Хуымæтæджы загъд нæй, æвæццæгæн, зарæджы: «Къаролты бон алцыдæр у».

(СЦТА).

ХЪÆУУОН ЦАРДЫ НЫВТÆЙ

Номыры мыхуыргонд æрцыд ССР Цæдисы Президент, СЦКП-йы ЦК-йы Генералон секретарь М. С. Горбачевы доклад В. И. Ленины райгуырды 120 азы боны фæдыл кадджын æмбырды.

Газет мыхуыр кæны Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы уынаффæтæ.

«Ленин æмæ дзыллæты политикон хъомылад» — афтæ хуыйны СЦКП-йы обкомы марксизм-ленинизмы университеты ректор Мецъаты Э. статья.

Газет мыхуыр кæны æрмæг Кировы районы К. Марксы номыл колхозы коммунисты дзуапдæттæнæвзарæн æмбырдæй.

Номыры — радон «Спортивон панорамæ», æндæр æрмæг республикæйы нывдæй.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАДДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТР

21 апрелы — «Сæлийы чындзытæ»
22 апрелы — «Хазби»
Спектаклты райдайæн — изæры авд сахаты.

«Артæй ма хъаз» — уыцы æмбисонд æххæстæй дæр хъуы, Замбийы сæйраг горæт Лусакайæ 110 километры дарддæр горæт Мозабукайы цы фыдбылыз æрцыд, уымæ. Уый у «сæкæры горæт», йæ алыварс сты сæкæры хъæзы хуымтæ.

Ахуырты фæстæ сæхимæ здæхгæйæ, цалдæр скъоладзауы сæхи ахрæфсыны фæлтæ дуртæ æхсын байдыдтой, сæ сæрмæ чи тахт, уыцы мыдыбындзытыл. Базырдхыты «дзуг» йæхи уыцы нуджы нымкодта лæппутыл. Минуты фæстæ дзы æртæйæ хуыссыдысты фæндаджы был, фæсур сты, афтæмæй. Адæм фæфæдис сты æмæ сæ рынчындоныл сæмбæлын кодтой. Фæлæ дæсазды Энтони Квейтиша йе муд не 'рцыд афтæмæй амард. Иннæты уавæр дæр сæ хæрзтæй нæу.

УЫЙ ДЫН ТÆРХОН!

ФРИТАУН. 224 азы ахæстоны фæбадыны æмæ 8,5 милуан леонейы (70 мин долларæй фылдæр) ивар бафидыны тæрхон рахаста горæты тæрхондон Сьерра-Леонейы раздæры информаци æмæ радиохъусынады хистæр бухгалтер Джон Масакуийæн.

Уый лæууыд, бирæ рæстæджы дæргъы мæнг финансон документтæ чи арæзта, ахæм фыдгæнджыты къорды сæргъы.

ЗÆХХ СУДЗЫ

ДАКАР. «Термометртæ тайынц фыртæвдæй» — ахæм фæдисы хабар æрбайхъуыст Сенегалы сæйраг горæтмæ бæстæйы хуссайраг райотай. Тропикон æнуд тæвдыл чи сахуыр, Дакарæй 183 километры æддæдæр уыцы административон центр Каолокы цæрджытæй уынгмæ рацæуын ничиуал уæнды — 11 сахатмæ дзы тæвд 46 градусмæ сгæпп ласы.

Куыстмæ æрбацæуæг адæм хæдзæрттæй æддæмæ нæ цæуынц суанг изæрмæ, кæд сын сихорæй фæстæмæ æртæ сахаты улæфынæн лæвæрд цæуы, уæддæр.

Редактор
ХЪЕСАТЫ В.

362015 — ЦИАССР, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:
- Партион-идеологон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Иæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуыри та— фондз хатты.
Индекс — 53901.
3

ЕИ 00992
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ № 226

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи, 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.